ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№23 (23.837) ● 2019 гъэм мазаем (февралым) и 28, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Псори зыгъэпІейтей Іуэху

КІуэкІуэ Казбек КъБР-м Террорым пэщІэтынымкІэ и комиссэм и зэІущІэ урегъэкІуэкІ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Казбек иригъэкІуэкІащ республикэм Террорым пэщІэтынымкІэ и комиссэм и зэІущІэ.

АБЫ хэтащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщі **Егоровэ Т. Б.**, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщі **Мусуков А. Т.**, КъБР-м къегъэщІылІа федеральнэ инспектор **Мэкъуауэ Т. Э.**, хабзэхъумэ Іэнатіэхэм, министерствэхэм, ведомствэхэм, щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ органхэм я унафэщІхэр.

Зытепсэлъыхьа Іуэху нэхъыщхьэхэр ящыщыщ транспортымрэ транспортым и инфраструктурэмрэ террорым щыхъумэныр, террористхэм я дунейпсо зэгурыкъэныгъэхэм я лэжьыгъэм щыхъуэр хемыгъэшэным хуэгъэза профилактикэ Іуэхугъуэхэр кьыззэпэщыныр, терроризмэм пэщІэтыным и лъэныкъуэкІэ кьабгъэдэхуэ полномочиехэр ягъэзэщІэфын папщІэ гъэззэщІакІуэ властым и органхэмрэ щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ органхэмрэ я лэжьакІуэхэм я зэфІэкІыр кьэІэтыныр. Республикэм и унафэщІым кьыхигъэщхьэхэкІащ щІалэгъуалэр терроризмэм и идеологием демыГэхьэхьным зэпымыууэ егугъэн зэрыхуейр.

Террорым пэщІэтынымкІэ комиссэм и зэІущІэм кьыщыпсэлъащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и кьудэзэ - КъБР-м инфраструктурэмрэ бжьыгъэхэр зи лъабжьэ зыуужьыныгъэмкІэ и министр **Бэлэтокъуэ В. Хь.**, транспортым и Іэнатіэм щыкІэлъыплъыныжьмкІэ федеральнэ кьулыкъущІапІэм и щІыналъэ зэхуакъу управленэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыІэм и унафэщІым и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ **Гугуэтыжь В. Хь.**, Налшык къалэ округым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэ **Ахъуэхъу Т. Б.**, Бахъсэн, Шэрдэж муниципальнэ районхэм я щІыналъэ администрацэхэм я Іэтащхьэхэу **Балъкъыз А. Хь.**, **Мурт-эов Б. С.** сымэ, КъБР-м щІыхуэхэр егъэджэнымкІэ, щІэныгъэмкІэ, щІалэгъуалэм я ІуэхуэхэмкІэ и министрым и кьудэзэ **Мэкъуауэ А. М.**

ЗэІущІэм кьыщаІэта Іуэху псоми япкъ иткІэ зыхуэфащэ унафэ кьащтащ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Дзэлыкъуэ районыр къыззрыззрагъэпэщрэ илъэс 95-рэ зэрырикъуар ягъэлъапІэ

Дзэлыкъуэ районым егъэлъапІэ къыззрыззрагъэпэщрэ илъэс 95-рэ зэрырикъуар. А пІалъэ гуфІэгъуэмкІэ ди щІыналъэм исхэм ехъуэхъуащ республикэм и къэрал властым и органхэм муниципальнэ щІыналъэхэм я делегацэхэм я унафэщІхэр, зауэм, лэжьыгъэм я ветеранхэр, еджакІуэхэм. Зэхыхьэм къэгъэблэгъахэм яхэтащ щы щІыналъэм и гъунэгъу Ставрополь краим и Предгорнэ районым и лІыкІуэхэр.

ГУФІЭГЪУЭ зэхыхьэм ипэ кьихуэу кьызэхуэсахэм удз гъэгъахэр тралъхьащ Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм хэкІуэда зауэлІхэм я фэеплъым. АдэкІэ районым щэнхабзэмкІэ и унэм кьыщыззрагъэпэща зэІущІэм кьыщыщыпсалъэм, КъБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэр республикэм и Парламентымрэ Правительствэмрэ я щІэкІэ юбилеймкІэ районым исхэм ехъуэхъуащ. БлэкІа илъэсхэм кьриубыдэу, кьыхихгъэщхьэхькІащ республикэм и унафэщІым, Дзэлыкъуэ щІыналъэм щыпсэухэм гъуэгуанэшхуэ кьакІуащ, экономикэ, социальнэ, щэнхабзэ зыужьыныгъэм и лъэныкъуэкІэ ехъулІэныгъэ инхэр кьахьащ, Къбэрдей-Балъкъэрым и тхьэдэм напэкІуэцІ хьэлэмэтхэр тратхащ икІи абыхэм ящыщ кьудым зэрыщыту республикэр ирогушхуэ.

Я Іэщ1агъэм зэрыхуэІэкІуэлъакІуэм, илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщІэ районым щыпсэухэм ящыщ зыбжанэм щыІыхь тхьилъэр иратащ.

КъБР-м и артист нэхъыфІхэм зэхьхьэр концерт хьэлэмэткІэ ягъэдхэщ. ИужькІэ КІуэкІуэ Казбек Дзэлыкъуэ районым и жылагъуэхэм къызэрагъэпэща лъапсэхэм епльащ икІи цІыхухэм епсэльащ.

КъБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Казбек Шэджэм щІыналъэр къеплъыхь

КъБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Казбек иджыблагъэ Шэджэм районыр къызэхикІуэхащ. Псом япэу ар къыщыуцыІащ Эль-Тюбю къуажэм икІи абы дэт фельдшер-акушер пунктым еплъащ. Мы Іуэхущ1апІэр цыху 270-м щІигъум я узыншагъэм кІэлъоплъ. Пэшхэр зыхуеину Іэмэпсымэхэмрэ аппаратурэмкІэ къыззгъэзэпэщащ, тэмэму ягъэпІъ, псы щІыІэри хуабэри яІэщ. Санитар автотранспортыр къэгъэщІэрэщІэжьынымкІэ программэм хигъыдэу абы къратащ бгыльэ щІыпІэхэм медицинэ дэІэпыкъуныгъэ псынщІэ кьыщыззгъэпэщыным хуэщІа машинэ.

КІУЭКІУЭ Казбек апхуэдэу еплъащ гъэ кьэс турист куэд здэкІуэ щІыпІэхэм - «Къайсын ухуэзыщІэ лъэбакъуищ» мемориалымрэ КъБР-м и цІыхубэ усакІуэ Кулиев Къайсын кьыщалъхуа унэмрэ, мы тхьдэ-этногрофие комплексым зегъэужьыныжьмкІэ лэжьыпхъхэм теухуауэ бысымхэм жаІахэм хэпльащ.

Республикэм и унафэщІыр Булунгу кьуажэм Шахмурзаев Сэхьид и цІэр зэрихьэу дэт курыт школым еплъащ. Абы псори зэхэту сабийуэ 139-рэ кьэкІуалІэ, абыхэм ящыщу 26-м я пІейжьыр школ щІэтІысхьэгъуэм нэсакъыми, мыбы хэт садым щыІэщ.

Кьуажэм щылэжьын хуейхэм ящыщу республикэм и унафэщІым кьыхигъэщхьэкІуэкІащ гъэзгр егъэфІэкІуэныр, абы екІуалІэ маршрутым транспорт тегъэувэныр, жьы хъуа щэнхабзэ Іуэхущ1апІэм и пІэкІэ апхуэдэ унэщІэ кьуажэм дэщыкьыныр 2019 гъэм и планым хэгъэхьэн зэрыхуейр.

Хъущтэ-Сырт кьуажэм КІуэкІуэ Казбек щеплъащ абы дэт фельдшер-акушер пунктым, апхуэдэу «Урысей зэкъуэтым» и парт проектым ипкъ иткІэ цІыху 300 щІэхуэу 2018 гъэм кьызэІуаха щэнхабзэмкІэ унэм.

Шэджэм Ищхьэрэ кьуажэм нэса ижь КІуэкІуэ Казбек щэнхабзэмкІэ унэм еплъащ, апхуэдэу кьуажэ унафэщІхэм ящІыгъуу тепсэльыхьащ дохутыр амбулаторэр кьызэхуэтыншэу зэгъэпэщыжьын, абы и щхьэмрэ инженер коммуникацэхэмрэ зэхъуэкІын, пщІантІэр зэІуэпэщ щІын зэрыхуейм.

КъБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэр апхуэдэу еплъащ Шэджэм ИщхьэрэІ - Бедык хъупІэ автомобиль гъэгум хиубыдэу зэрагъэпэщыжа лъэмыхьым. Ар кьуажэм и кум хуозэ. Лъэмыхьым и щІэгъэкъуэнхэр зэрытІысам кьыхэкІыу ущысекІуэну шынагъуэ хъуати, зэхуащІри ар зыхуей хуагъэзащ.

Лашынкъей кьуажэм КІуэкІуэ Казбек щеплъащ щэнхабзэм, узыншагъэр хъумэным пыщІа Іуэхущ1апІэ зыбжанэм, апхуэдэу Къуэныкьуей Назир и цІэр зезыхьэ курыт школ №1-м. Ар зы сменэу мэлажьэ икІи еджакІуэ 350-рэ кьэкІуалІэ. Абы кьедза сабий садым зыхуей хуэзэу я махуэр щагъакІуэ цІыкІу 81-м. Республикэм и Іэтащхьэмрэ педагогхэмрэ щІэзэпсалъэм къаІэтащ мы Іуэхущ1апІэм псоми я зэхуэсыпІэ пэш, спортзал, шхапІэ зыхэт Іыхьэ кьыгуэщІыхьыпхъэу зэрыщытыр.

Шэджэм ЕтІуанэ кьуажэм дэт курыт еджапІэ №1-м, курыт еджапІэ №3-м кьыгуэт сабий садым, предмет щхьэхуэхэр нэхъ кууэ щрагъэджу Шэджэм къалэм дэт курыт еджапІэ №1-м еплъа нэужь республикэм и Іэтащхьэм кьыхигъэщхьэкІащ а Іуэхущ1апІэхэм кьыхагъэхъуэн, зи школ кІуэгъуэ мыхъуа сабийхэр зэкІуэлІэн садхэмрэ яслъэхэмрэ ящІын зэрыхуейр.

КъБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэр апхуэдэу щыІащ сабийхэмрэ ныбжьыщІэхэмрэ папщІэ Шэджэм къалэм дэт спорт Іуэхущ1апІэм. Мыбы щІалэгъуалэр баскетболым, волейболым, шахматым, дзюдом, атлетикэ хьэпІэм, псы еджакІэм щыхуагъаз, футбол джагуПІэ хэтщ. 2018 гъэм яухуэри кьызэІуахащ спорт бэнэкІэхэм щыхуагъаз пэш щхьэхуэ, цІыхуи 150-м ятещІыхьауэ.

Зэпплъа жылагъуэхэмрэ Іуэхущ1апІэхэмрэ щызэфІэгъэкІын хуейхэм япкъ иткІэ Шэджэм районым и унафэщІым и унафэщІым, муниципальнэ щІыналъэхэм я социально-экономикэ зыужьыныгъэр щІэгъэхуэбжьэныжьмкІэ, жылагъуэхэр зэІузэпэщ щІыныжьмкІэ, социальнэ инфраструктурэм и Іуэхущ1апІэу иджыпсту яухуэхэр нэгъэсыжьыныжьмкІэ, инженер сетхэр, гъуэгухэр къэгъэщІэрэщІэжьынымкІэ, щІыхуэр зэблэу щыхъуэжьыкІыу газкІэ, псыкІэ кьызэгъэпэщыныжьмкІэ лэжьыпхъэхэр.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

2019 гъэм кьрищбыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым хьэзыр щащІынуц сабий нэхъыщІэ дыдэхэр зэкІуэлІэну Іуэхущ1апІэ цІыху 860-м ятещІыхьахэр

Дызэрыт илъэсым кьриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыналъэу бгъум, апхуэдэу Налшык къалэм сабий 850-рэ зэщІэхуэн яслъэхэм папщІэ уухуэнырэ 19 хьэзыр щащІынущ. Зи ныбжьыр мазитІым щегъэжьауэ илъэсищым нэсхэм ятещІыхьа а Іуэхущ1апІэхэр кьызэІуахынущ 2019 гъэм и кІэухым фІэмыкІыу.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Нобэрэ пщэдейрэ

Мазаем и 28, *махуэку*

♦1732 гъэм Петербург Урысейм щыяпэ Кадет корпусыр - дзэм кьулыкъу щызыщІэну зи мурад щІалэгъуалэр абы щьхуагъэхьэзыр Іуэхущ1апІэр - кьыщызІуахащ.

♦1854 гъэм США-м и Республикэ партыр кьызэрагъэпэщащ.

♦1913 гъэм Данием щыщ физик Бор Нильс атомым и планетарнэ зэхэлъыкІэм теуха и лэжьыгъэр хэІущІыІу ищІащ. А къэхутэныгъэм папщІэ Бор кьыхуагъэфэщауэ щытащ Нобель и саугъэтыр.

♦1921 гъэм Москва Іэ щытрадзащ РСФСР-мрэ Афганистанымрэ зэныбжьэгъуным теуха зэгурыІуэныгъэм.

♦1922 гъэм Мысырыр Индржылъым кьызэрыкъэкІым теуха унафэ кьащтащ.

♦1935 гъэм США-м щыщ химик Каротерс Уоллес Хьюм нейлоныр зэхилъхьащ.

♦1955 гъэм кьызэІуахащ Ханой - Пекин - Москва - Берлин къалэхэр зэпызыщІэ гъущІ гъэзгущІэр.

♦1956 гъэм США-м щыщ гъэсэбэпу хуежьащ зэпщІхьхьэху лажьэ компьютерхэр зэрызэпащІэ кІапсэр.

♦1990 гъэм Урысей Федерацэм и Кинематографистхэм я зэгъэхьныгъэр кьызэрагъэпэщащ.

♦1993 гъэм генерал Аушев Руслан Ингушым и президенту хахащ.

♦1991 гъэм Перс псыдэжьпІэм щекІуэкІа зауэр ирихащ.

♦1996 гъэм Урысей Федерацэр Европэм и Советым хьыхащ. Абы кьыхьэн щхьэкІэ кьыхуагъэув къалэн нэхъыщхьэм - цІыхум и судыр уклІэ мыщІэным теухуам - арэзы техъуэн хуей хуауэ щытащ УФ-р.

♦Актёр, РСФСР-м щІыхь зиІэ и артист, Хэку зауэшхуэм хахуэу хэта **Смирнов Алексей** кьызэралъхурэ илъэс 99-рэ ирокъу.

♦ТхакІуэ **Аллилуевэ Светланэ** (Сталин Иосиф ипхъуэщ) кьызэралъхурэ илъэс 93-рэ ирокъу.

♦УсакІуэ-уэрэдус цІэрыІуэ **Кьанкъул ФІыцІэ** кьызэралъхурэ илъэс 82-рэ ирокъу.

♦УсакІуэ, КъБР-м щэнхабзэмкІэ щыхъ зиІэ и лэжьакІуэ **Сонэ Абдулчэрий** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокъу.

♦Урысей актрисэ, УФ-м и цІыхубэ артисткэ **Васильевэ Татьянэ** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щыхъ зиІэ и дохутыр, медицинэ щІэныгъэхэм я кандидат, гу узыфэхэм щеІэзэ республикэ центрым и дохутыр нэхъыщхьэ, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм хэт **Щэрдан Нодар** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокъу.

♦ХъурэджыкІыІэ, КъБР-м щыхъ зиІэ и артист **Уэтэр МуІэед** и ныбжьыр илъэс 62-рэ ирокъу.

♦Мэкъумэш щІэныгъэхэм я доктор, профессор, КъБКъМУ-м и ректору щыта, КъБР-м щІэныгъэмкІэ щыхъ зиІэ и лэжьакІуэ **Жэрыкъуэ Борис** кьызэралъхурэ илъэс 61-рэ ирокъу.

♦Урысей хореограф цІэрыІуэ, УФ-м щыхъ зиІэ и артисткэ **Сигаловэ Аллэ** и ныбжьыр илъэс 60 ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, уэс тІэкІу кьыщесынущ. Мазаем хуабэр градуси 2 - 3, жэщым щыІэр градуси 3- 2 щыхъунущ.

Гъатхэпэм и 1, *мэрем*

♦Граждан зыхъумэжьныгъэм и дунейпсо махуэщ

♦СПИД узыфэр зыпкърытхэм ящымымэхъэшэным и дунейпсо махуэщ

♦Гуапагъэ зэжеІэным и дунейпсо махуэщ

♦УФ-м Къэрал кІуэцІ Іуэхущ1апІэ и министерствэм и эксперт-криминалистым и махуэщ

♦1555 гъэм Нострадамус (и цІэ дыдэр Мишель де Нотрдамщ) тхьэгурымэгъуэм кьыдигъэкІащ кьэхъуну-кьэщІэнхэр кьыщигъэлъэгъуэ и тхьилъэр.

♦1565 гъэм Бразилием кьыщызэрагъэпэщащ Португалэм я егъэзыпІэ - Риоде-Жанейрэ зыфІащар.

♦1762 гъэм Урысейм и пащтыхь Пётр Ещанэм Іэ щІэдзащ пщыхэм Іэмал имыІэу кьэрал кьулыкъу ящІэн хуей-уэ яхуэзыгъэуву щыта хабзэр кьутэкыным теухуа унафэм.

♦1790 гъэм США-м я пэу щабжащ абы цІыхуу щыпсэур. Абы щыгъуэ кьэралым ист цІыху 3929214-рэ.

♦1810 гъэм император Александр Езанэм Абхъазэр Урысейм кьыхагъэхьэну унафэ ищІащ.

♦1869 гъэм химик цІэрыІуэ Менделеев Дмитрий пкъыгъуэхэм я таблицэ зэхэлъхьэн ихуащ икІи ар кьыдэгъэкІыным яужь ихьащ.

♦1873 гъэм Ремингтонхэ я фабрикэм (США) кьыщыщІагъэкІыу щІадзащ зэрыбкІэ зэрытрадзэ я машинкэр.

Ар кьагупсыс Шоуэл Кристоферрэ Глидден Джозефрэ.

♦1881 гъэм Урысейм и император Александр ЕтІуанэр яуІащ.

♦1947 гъэм лэжьэн щІидзащ Дунейпсо Валютэ Фондым.

♦1954 гъэм США-м Бикини щыІащ щигъэнэхуащ водороднэ бомбэр, мегатоннэ 15 зи лъэщагъэр. Абы щыгъуэ хэкІуэдат цІыху минхэр. Маршалловы хьПІыгуэхэм я щІыналъэхэм абы щыгъуэ трикьа радиоактивнэ фІейхэм а щыпІэхэм ущыпсэункІэ Іэмал зимыІэ ящІауэ иджыри къэс апхуэдэу щытщ.

♦1995 гъэм Москва, щыпсэу унэм и щІыхьэпІэм деж, щаукІащ теленэтынхэр езыгъэкІуэкІыу щыта Листьев Влад.

♦1996 гъэм Амур областым «Свободный» зыфІаща космодром кьыщыззрагъэпэщащ. Ар 2007 гъэм зэхуащІжащ.

♦2011 гъэм «Полицэм теухуауэ» Федеральнэ законым кьару игъэтащ.

♦Израилым и премьер-министру щыта, Нобель и саугъэтыр зыхуагъэфэща **Рабин Ицхак** кьызэралъхурэ илъэс 97-рэ ирокъу.

♦Композитор, дирижёр, СССР-м и цІыхубэ артист, Совет Союзым и Къэрал саугъэтыр зрата **Догэ Евгений** и ныбжьыр илъэс 82-рэ ирокъу.

♦Актёр, Украинэм и цІыхубэ артист **Брондуков Борислав** кьызэралъхурэ илъэс 81-рэ ирокъу.

♦РСФСР-м и цІыхубэ артистхэ, УФ-м и Къэрал саугъэтыр зрата **Купченко Иринэ** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

♦УФ-м и Правительствэм и Унафэщым и кьудэзэ - УФ-м и Президентым КъэкІыпІэ Жьыжь федеральнэ округым щиІэ лІыкІуэ **Трутнев Юрий** и ныбжьыр илъэс 63-рэ ирокъу.

♦Литва Республикэм и Президент **Грибаускайте Даля** и ныбжьыр илъэс 63-рэ ирокъу.

♦Къэрал кьулыкъущІэ, Курган областым и губернатор **Кокорин Алексей** и ныбжьыр илъэс 58-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 6 - 8, жэщым градус 1 - 2 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Льэпкъ Іущыгъэ:

Узыншагъэрэ сымаджагъэрэ зэпыщІащ.

«ЛъагапІэщІэ» зэпеуэм къыщыхэжаныкІахэм ІэнатІэщІэхэр ират

«ЛъагапІэщІэ» республикэ конкурсым къриІуахэм япкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым лэжьапІэ ІэнатІэ зэмылІэужьыгъуэхэр щратащ а зэпеуэм нэхъ жыджэру зыкъыщыщызыгъэлъэгъуахэм.

НАЛШЫК къалэ округым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и унафэкІэ экономикэмкІэ департаментым и унафэщІым и кьудзэм и къалэнхэр игъэзащІэу щІидзащ Локьяев Алан.

КъБР-м щІымрэ мылъкумрэ я ІуэхуэмкІэ и министрым и унафэкІэ Кьардэн Исльам ягъэуващ Краснодар краим хыхьэ Головинкэ районым щыІэ «Іуащхьэмахуэ» зыгъэпсэхупІэ базэ» ООО-м и генеральнэ директору.

Федеральнэ налог кьулыкъущІапІэм и управленэу КъБР-м щыІэм и унафэкІэ а ІэнатІэм къызэгъэпэщынымкІэ и кьудамэм и унафэщІым и кьудзэ хъуащ Маршэн Мадинэ. Апхуэдэу «Отбор» инновацэ-производствэ агрофирмэ» ООО-м и генеральнэ директорым а предприятэм и кьудамэхэм ящыщ зым щылэжьэну Довженкэ Николай кьищтащ.

Москва щыІэ «Сбербанк-АСТ» акционер зэгухьэныгъэ зэІуэм зыужьыныгъэмкІэ и директорэм и проектхэм я унафэщІу лажьэ Бижо БетІал ещыи и чэнджэщэгъуу (улахуэ ирамыту) игъэуващ КъБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэм.

Апхуэдэу «ЛъагапІэщІэ» зэпеуэм къыщыхэжаныкІа цІыху 24-р КІуэкІуэ Казбек и унафэкІэ хагъэхьащ республикэм и къэрал властым и органхэм унафэщІ ІэнатІэкъэ щызыгъэзэщІэфыну къальытэхэм я спискэм.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

● Бахъсэн къалэ

УнагъащІэхэм ядоІэпыкъу

2015 - 2020 гъэхэм ятеухуа «ПсэупІэ» федеральнэ программэм «УнагъащІэхэр къызэрэпэщын» и программэ кьуэдзэм хэт унагъуэу тхум иджыблагъэ Бахъсэн къалэм щратащ унэ къащхьи я ящІын папщІэ социальнэ дзэпыкъуныгъэ зэрыхуахьым теухуа тхыльхэр. Мы гъэм апхуэдэ ахъшэ япэу хухахауэ Дыду Альберт, Шомахуэ Заур, Хьурзокьуэ Алим, Сырынэ ФатІимэт, Кьущхьэ Зураб сымэ я унагъуэхэм.

БАЛЪКЪЫЗ Іэминэ.

Іуэхугъуэ 30-м щІигъу

КъБР-м и Правительствэм и УнафэщІ Мусуков Алий дыгъуасэ иригъэкІуэкІа зэІущІэм Іуэхугъуэ 30-м щІигъум щыхэпльащ.

ЯПЭ Іуэхугъуэр теухуат 2027 гъэ пщІондэ тращІыхь республикэ бюджетым зэхъуэкІыныгъэхэр зэрыхальхьам. КъБР-м финансэмкІэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэ **Лисун Еленэ** жиІащ 2020 - 2027 гъэхэм республикэм и хэхъуэхэмрэ кьицъэсэбэпынымрэ илъэс кьэс проценти 4-кІэ нэхъыбэ хьууэ зэрекІуэкІынур. Кьэпсэлъам кьызэрыхихгъэщмкІэ, 2022 гъэм и кІэухым щІыналъэм и къэрал щыхъэр процент 63-м нэс щхьэщатыкІын хуейщ, 2024 гъэм - процент 54-рэ, 2025 гъэм - процент 45-рэ. Апхуэдэ щІыкІэкІэ кьыкІэлъыкІуэ илъэсхэми къэрал щІыхъэр нэхъ мащІэ зэращІынум елэжьыну я мурадщ.

ЗэІущІэм кьыщащтащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и промышленнэ Іуэхущ1апІэхэм теухуауэ» КъБР-м и Законым зэхъуэжьныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхущ1апІэм я лэжьакІуэхэм я ІуэхущІ» , КъБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм епха къэрал Іуэхущ1апІэхэм я лэжьакІуэхэм я улахуэр зыхуэдэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» КъБР-м и Правительствэм и унафэхэм я проектхэр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономикэ зыужьыныгъэр кьызэрэпсэщащ цІыхухэр зыхуей хуэзэу гъэпсэныныжьмкІэ Іуэхущ1апІэ зэмылІэужьыгъуэхэм я лІыкІуэхэр зыхэт республикэ комиссэр и къалэнхэр зэригъэзэщІам кьыхэкІыу зэбграгъэкІыжащ.

ЗэІущІэм арэзы щытехъуащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и мылъкуу щыт, Нарткъалэ Ерчэным и цІэр зезыхьэ уэрамым тет курыт еджапІэм и унэр (ныбжьыщІэ 825-рэ щІэхуэу) Аруан муниципальнэ районым ей зэращІымрэ (къедзылІа щы Іыхьэри хэту сом мелуан 289-рэ и уасэщ) Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым пщІэншэу кьиргъэсэбэпыну автотранспорт зэрыратымрэ.

Республикэ унафэщІхэм ягъэбелджылащ щыІэныгъэм губгуэжьыхьапхъэм зэрыщыпэщІэтыну Іэмалхэмрэ лэжьыгъэхэмрэ.

КъБР-м Инфраструктурэмрэ бжьыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкІэ и министр Бэлэтокъуэ Владимир тепсэлъыхьащ 2019 гъэм республикэм «Къалэхэр зэІузэпэщ щІын» Іуэхур зэрыщагъэззэщІну щыкІэм. Абы зэрыжиІамкІэ, дыгъэгъазэм и 15 пщІондэ фэтэр куэду зэхэт унэхэм я пщІантІэу 146-рэ цІыху куэд щызэхуэсщІыпІэу 26-рэ зыхуей хуагъэзэну къапэщылъщ. Бэлэтокъуэм жиІащ а Іуэхухэм мы гъэм федеральнэ ахъшэу сом мелуан 259-рэ республикэм и бюджетым щыщу сом мелуани 2-рэ зэрытрагъэкІуэдэнур. Программэм хэхуащ Налшык, Прохладнэ, Бахъсэн къалэ округхэр.

ЗэІущІэм кьыщащтащ 2019 гъэм муниципальнэ районхэм я гъуэгу фондхэм республикэ ахъшэр зэрытрагъэушэнум теухуауэ КъБР-м и Правительствэм и унафэм и проектыр. КъБР-м ухуэнырэ-гъуэгу ІэнатІэмкІэ и министр **Къуныжь Вячеслав** зэрыжиІамкІэ, субсидиер псори зэхэту сом мелуан 225-рэ мэхъу икІи мы гъэм ар трагъэшэнущ райони 5-м, къалэ округу 2-м, кьуажи 3-м.

Олимп джэгухэм, дунейпсо зэхьэзэхуэхэм, Европэм, Урысей Федерацэм теКІуэныгъэ кьыщызыхьахэмрэ абыхэм я гъэсакІуэхэмрэ ящыщу ахъшэ саугъэт зратынухэр зэІущІэм щаубзыхуащ. Апхуэдэ дыдэу 2018 гъэм и ящэ илъэс ныкъуэм кьриубыдэу паралимп, сурдлимп спорт лІэужьыгъуэхэмкІэ Урысей Федерацэм и гупым хэту зэпеуэхэм кьыщыхэжаныкІахэри ахъшэ саугъэткІэ ягъэгушхуэнущ.

ЗэІущІэм щаубзыхуащ КъБР-м и цІыхубэ усакІуэ, РСФСР-м и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща, Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъжьыкъ КІыщокъуэ Алим кьызэралъхурэ илъэси 105-рэ зэрырикъуар и щІыкІэ ирагъэкІуэкІыну Іуэхуэр кьызззыгъэпэщыну гуп.

КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министр **Къуамахуэ Мурэдин** жиІащ «Культурная среда» федеральнэ Іуэхум хыхьэу, мы гъэм республикэм и районы 8-р автоклубэжькІэ кьызэрызэрагъэпэщынур.

КъБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ дзэпыкъуныгъэмкІэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэ **Ацкъан Ратмир** тепсэлъыхьащ 2017 гъэм мэкъуаугъэгъэм и 19-м кьыдагъакІа унафэ №370 РП-м халъхьэ зэхъуэкІыныгъэхэм. Абы зэрыжиІамкІэ, «Казачок» сабий зыгъэпсэхупІэр 2018 гъэм зэрызэщІащІам кьыжэкІыу сом мелуани 4,5-рэ хъу бюджет трансфертыр трагъэшэну я мурадщ «Алмаз» (Тэрч район), «Алые зори» (Дзэлыкъуэ) лагерхэм. А Іуэм дэтхэнэми сабий 280-м зэуэ зыщагъэпсэхуну Іэмал яІэщ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Сабийхэм я зыгъэпсэхугъуэр къызэрагъэпэщ

КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм щекIуэкIащ 2019 гъэм сабийхэм я зыгъэпсэхугъуэр къызэгъэпэщыным, узыншагъэр егъэфIэкIуэным зэрызыхуагъэхьэзырым.

- Мы илъэсым а Iуэхум къызэщIедгъэубыдэнущ сабий 9.500-м нэблагъэ, - жиIащ министрым. - ЦIыкIуэхэм зыщагъэпсэхун икIи я узыншагъэр щрагъэфIэкIуэжьин Iуэхущ1аIэхэм лъэхъэнэм щIэгъэхуэзыжьыным хуейщ. Лагерхэм, санаторхэм я мыльку-техникэ лъабжьэр, шынагъэуэнщагъэм хуащI гулъытэр, я шхыныгъуэр зыхуэдэр ткIийуэ къэтпщытэнущ. Апхуэдэуи гулъытэ хэха хуэтщIынущ а Iуэхущ1аIэхэр зыпэрыт Iуэхум фIыуэ хэзыщIыкI Iэщ1агъэлIэкмкIэ къызэрызэгъэпэщащи. Абыхэм лэжьыгъэм и пIалъэ ящIуэ, нэхъапэкIэ сабий Iуэхущ1аIэхэм щылэжьауэ, суд трамыщIыхьауэ, узыншагъэр нэхъыфIу хъума зэрыхъунум щыгъуазэу щытыпхъэщ.

- КъБР-м егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щ1алэгъуалэм я IуэхуэмкIэ и министрым и къудзэ **Шынтыкъу Иринэ** жиIащ махуэ рылажьэ лагерхэр здэщыIэну курыт школхэр гъатхэпэм и 1 щIопндэ наIуэ зэращIынур. Абы къызэрыхигъэщамкIэ, а лагерхэм я лэжьыгъэр къызэгъэпэщыным сом мелуани 5-рэ мин 524-рэ хухахащ.

- Сабий лагерь псори егъэбыдыIаIуэ щытынущ ахэр щылажьэ щIыналъэхэм щыIэ медицинэ Iуэхущ1аIэхэм. Лагерхэмрэ санаторхэмрэ щылэжьнухэм, абыхэм щыIэ сабийхэм я узыншагъэр пщIэншэу къапщытэнущ, - жиIащ КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министрым и къуэдзэ **Аникушинэ Татьянэ**.

УФ-м ЦIыхухэм я хуитыныгъэхэмрэ зэпэщынигъэхэмрэ кIэлъыплъынымкIэ и федеральнэ Iуэхущ1аIэм и къудамэу КъБР-м щыIэм и унафэщI **Пагуэ Жыраслъэн** сабийхэм зыщагъэпсэху, я узыншагъэр щрагъэфIакIуэ Iуэхущ1аIэхэм санитар хабзэхэр зэрыщагъэзащIэм ткIийуэ зэрыкIэлъыплъынум я гугъу ищIащ. Абы и псалъэхэм къызэрыхэщамкIэ, псом хуэмыдэу гулъытэ хуащIынущ хущхъуэхэр зэрызэрахьэм, пщэфIапIэм къыщагъэсэбэп хьэкъущыкъухэр зыхуэдэм, цIыкIуэхэр щыжей пэшхэм щыIэ щытыкIэм.

Сабийхэм я узыншагъэр егъэфIэкIуэным, я зыгъэпсэхугъуэр егугъуу къызэгъэпэщыным епха дэтхэнэ Iуэхуми жэуаплныгъэ пылъу бгъэдыхьэн зэрыхуейм, псом хуэмыдэу я шынагъуэншагъэм кIэлъыплъыным гулъытэ зэрыхуэщIыпхъэм гу лъаригъэтащ **Iуэгъуэ Светланэ**.

Апхуэдэу Iуэхум зэрызыхуагъэхьэзырым тепсэлъыхьащ КъБР-м щыIэ МВД-м, Урысей Федерацэм Граждан зыхъумэжьныгъэм и IуэхуэмкIэ, къызэрымыкIуэ Iэпщ1аIэпщIэхэмкIэ, къэхъуа гузэвэгъуэхэм я лъэужьыр гъэзэкIуэжьынымкIэ и министерствэм и управленэ нэхъыщхьэу республикэм щыIэм я лIыкIуэхэр.

ЩХЬЭЩЭМЫЩI Иэз.

● Абы дегъэпсейтей

● «Адыгэ псалъэ» газетым и япэ номерыр къызэрыдэкIрэ илъэс 95-рэ щрикъум ирихьэлIэу

Адыгэлl зэпlэзэрыту дигу къина

Журналист, тхакIуэ Шыбзыхъуэ Мухьэдин Хьэмырзэ и къуэр Прохладнэ районым хыхьэ Къэрэгъэш (Инальчыкъ) къуажэм къыщалъхуащ. Абы классибыр къыщиуха иужь, Налшык педучилищэм щIэтIысхьащ. Ар къыхуауэ Канжэ курыт школым егъэджакIуэу, пионерхэм я гъэсакIуэ нэхъыжьу щылажьэу армэм ираджащ. Дзэ-Тенджыз флотым илъэси 4-кIэ къулыкъу щиIащ. Абы къикIыжа иужь, къыщалъхуа Къэрэгъэш къуажэм игъэзэжри, пэщIэдзэ классхэм я егъэджакIуэу лэжьащ.

ЗЭРЫЛАЖЬЭМ хуэдэуэрэ, 1959 гъэм Мухьэдин Хьэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и филологие факультетым щIотIысхьэ. Зэреджэм хуэдэуэрэ, щолажьэ Налшык школ-интернат №1-м. Зы гъэ еджэгъуэ къырихьэлIауэ, а школым къыIуокIыжри, Налшык Iэфыкl фабрикэм зпэщIыкIэ токару, итIанэ абы и инженер нэхъыщхьэм и дэIэпыкъуэгъуу, щIэныгъэтехникэ информацэмкIэ инженеру щолажьэ. А илъэсхэм «Кондитер» союзпсо журналым къытырегъадзэ фабрикэм и инженерхэм, лэжьакIуэ Iэпщ1аIэпщIэхэм къыхалъхьэ зэхъуэкIыныгъэщIэхэм ятеуху тхыгъэхэр. Абы къыдэкIуэу «Ленин гъэзэгу», «Кабардино-Балкарская правда» газетхэм къытырегъадзэ лэжьакIуэфIэхэм, Iэщ1агъэлIэхэм я Iуэхущ1афэхэм триухуэ тхыгъэхэр. Ахэр ягу ирохьри, 1966 гъэм литературэ лэжьакIуэу «Ленин гъэзэгу» газетым ирагъэблагъэ. Ар тотхыхь промышленнэ Iуэхущ1аIэхэм, ухуакIуэ, транспорт организацэхэм я экономикэ щытыкIэм, я лэжьакIуэ пашэхэм.

А Iэнатlэм Мухьэдин къыщегъэлъагъуэ зытетхыхь Iуэхугъуэхэм фIыуэ зэрыхищыкIкIи икIи ар къалъытэри, газетым промышленностымкIэ, транспортымкIэ, ухуэныгъэмкIэ и къудамэм и унафэщIу ягъэув. Иужьк1э илъэс куэдкIэ экономикэмкIэ къудамэм и редактору мэлажьэ.

А илъэсхэм газетым и напэкIуэцIхэм, «Iущ1хьэмахуэ» журналым Шыбзыхъуэм къытырыгъэдзащ тхыгъэ, Iуэтэж куэд.

Илъэс плIыщIым нэблагъэкIэ Шыбзыхъуэ Мухьэдин газетым щылэжьащ, абы хуэфащэ пщIэн къыхуащIащ. 1981 гъэм къратащ «За доблестный труд» медалыр, щэнейрэ къыхуагъэфэщащ КъБР-м и Журналистхэм я союзым и щIыхь тхылъыр. ТIэунейрэ ар Журналистхэм я союзым и сыр къыщалъхуащ. Литературэм, журналистикэм щиIэ зэфIэкIыр къалытытэри, «КъБАССР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэр къыфIащащ.1994 гъэм КъБР-м Печатым-рэ информацэмкIэ и министерствэм и саугъэтым и лауреат хуащ, бгъэхэIу дамгъэрэ дипломри къыхуагъэфэщащ. Мухьэдин Урысейм и Журналистхэмрэ ТхакIуэхэмрэI я союзхэм хэтт.

Шыбзыхъуэ Мухьэдин и повестхэмрэ рассказхэмрэ щIэзэхуэхьэсауэ «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм тхылъиплI къыщыдигъэкIащ. Ахэр триухуащ нобэрей гъащIэм къыщыхъу зэхъуэкIыныгъэхэм, дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэным, лъагъуныгъэм, нэгъуэщIу жыпIэмэ, гъащIэм и лъэныкъуэ куэдым.

Адыгэлl зэпlэзэрыту, хьэл-щэн дахэ зыхэлъу дигу къина Шыбзыхъуэ Мухьэдин унагъуэ хъуэпсэгъуи иIэт. И щхьэгъусэ Зэирэт медицинэм и лэжьакIуэщ. Абыхэм къуитI яIэщи, хабзэ, нэмыс яхэлъу ягъэсащ, щIэныгъэ нэхъыщхьэ ирагъэгъуэтащ, зыхэтхэм яхэзагъэу, дунейм екIуу мэпсэу.

САНЭ Маринэ.

● Ди щIэджыкIакIуэм къетх

ДыщэкI Гъуздин ящыгъупщэркъым

Дызэныбжьэгъуу, дызэкъуэшу, пщIэрэ нэмысрэ дяку дэлъу сыкъызыдекIуэкIа си къуажэгъу Дыщэкl Гъуздин и фэеплъщ мы си тхыгъэ кIэщIыр.

АРЩЫДАН мэзыжьым щызэхэкIэжа жыгхэм я щIагъым, дыгъэпсыр здэмыкIуэ щIынальэм къыщокI удз гъэгъа хьэлэмэт, адыгэр къалэрдзэгукIи мэдахэкIи зэджэ, нэхъыбэм ландыш жыхуаIэр. Ар тхьэмпэ щхъуантIэщ кIыхьу, абыхэм я зэхуакум къыдокI удз гъэгъа дахэ, а цIыкIуэр убжиз блы мэхъу. А удзым и мэ дахэм удехьэх, уохъуапсэ къыпыпчу цIыхубзхэр бгъэгуфIэну. Удзхэм ещхьщ цIыхухэри - гуакIуэм, теплъэ зиIэм удехьэх. Ар щIыжьыслэр си къуажэгъу Дыщэкl Гъуздин Хьэрун и къуэрщ. Дэнэ щыIами, хэт хуэзами фIыуэ закъригъэлъагъуфу щытащ. ЦIыкIуми инми задригъэкIуат, жиIэм хэбдзын хэмылъу, удихьэхыпт. Ар зытепсэлъыхьыр уи нэгум щIэту къыпфIощIу уедалуэрт...

Дыщэкl Гъуздинрэ сэрэ Арщыдан къуажэм дыкъыщалъхуащ, дыщыIэздеджащ, дыкъыщыIэздэхъуащ. БалигъыпIэ иувэри дыкъыщIэщIыкIэ щIыхь пылъу, пщIэ къыхуащIу дзэ къулыкъуэр Къэзахъстаным щрихьэкIащ, механикыкIэ Байконурым щыIащ. Гъуздин ящыщщ къэралым лъэкI къимыгъанэу хуэлэжьаназм. Лениным и цIэр зезыхьэ колхозым, Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь Тэрчокъуэ Хамболэт зи унафэщIу щытам, шофёру щылажьащ и ныбжь нэсу пенсэм кIуэху. Къыхэдгъэщынщи, 1956 - 1959 гъэхэм колхозым екъулIэныгъэ инхэм я гъунэ ирилъат, мэкъумэшми Iэщ гъэхъунми екъэлIауэ. АпхуэдизкIэ зиужьырт, гъавэ бэв кърахьэлIэрти, ар нартыху къэзыгъ ябж къуат, арщыдандзэхэм я лэжьакIэр республикэм и унафэщхэм щапхъэу ягъэлъагъуэрт.

«Лиуан, сэ гъавэу, нартыху, гуэдз, хьэ жыпIэми, Нарт-къалэ элеваторым сшар, си машинэмкIэ Арщыдан исшыр зыхуэдизыр пльэгъуамэ, ар зэрыхуэн хьэлъэзешэ мафIэгу бгъуэтынтэкъым», - жиIэрт Гъуздин. Гъунэгъухэм, къуажэдэс псоми фIыуэ я къалъагъурт и хьэл-щэн дахэм, хабзэм, цIыхугъэ лъагэм папщIэ.

Дэ Хэку зауэшхуэри ди нэгу щIэкIащ, дащыщщ «зауэм и бынхэр» жыхуаIэм. ДыцIыкIуами ди гум кьинащ Арщыдан нэмыцэхэм зэрарубыдар. Дэ зы школым дыщеджащ. Гугъуехьхэр мащIэтэкъым. Ди ныбэ изу дышэну Iэмал диIэтэкъым. Мэзым дыкIуэрти мы цIыкIу, мэз кхъужь къэтщыпырт, кьэлэр зэхуэтхьэсырт...

Пасэу зи адэ-анэр дунейм ехьжа Гъуздин япIыжащ и адэ къуэш-шыпхъуэм. Ди деж куэдрэ къакIуэрт, дызэгъунэгъути, жещIкIи кьанэрт. Сэ къуэшищ сиIэти, абыхэм яхэзбжэрт. «Мы щIалэ цIыкIур фи къуэщщ, и адэ-анэр иIэжькъым, зэи и жагъуэ фымыщI», - кьыджиIэрт си анэм. ЩIалэ дахэт ДыщэкIыр, хьыджэбз цIыкIуэхэм фIыуэ къалъагъурт. Жьлэтэж Сэлэдин мыгъуэмрэ зэуэ дызэгъупырт ар япэ зэрыгъэщIам, зэрытхалэтэкIым къыхэкIыу.

ГукъэкIыжхэр куэдщ, ныбжь гуэрым ущынэсам деж узэплъэкIыжмэ, уи щIалэгъэрщ япэу гур здынэсыр. Пионерым дыхьыхьати, абы теухуауэ ящIа мафIэр тфIэгъэщIэгъэну щIалэ цIыкIуэр дызэхэтт. Сыт и лъэныкъуэкIи набдзэгубдзаплъэ ныбжьыщIэ Гъуздин къиплъэгъуащ хьэм тхьэкIумэкIыхь ирихьэжьауэ. Ар къытрихыжщ, и унэм ихьри хьэр здзэжьа и лъакъуэ цIыкIур игъэхъужа иужь мэзым щиутIыпщыжат. ЩIыуэпсыр, губгъуэхэр, мэзхэр, абы щIыпсэухэр фIыуэ илъагъурт Гъуздин. Лъэкlамэ, щакIуэхэм яригъэукIынтэкъым мэзым щIэсым ящIащ зыри.

Балигъ дыхъури, армэм сыщыдэкIым сезыгъэжьахэм ящIщт Гъуздин. Дэнэ сыщыIами, къалэныр щесхьэкIами, сыт щыгъуи письмохэр зэхуэттхыу, дызэрыщIэу дыкъэкIуэкIащ.

«Дэнэ ущыIами, Лиуан, уи щIыпIэм, уи адэ-анэхэр къыщалъхуам, уи лъэпкъымкIэ къэгъэзэж», - псалъэхэр итт абы и гум, и псэм къыбгъэдэкIыу нысхуитха письмохэм я зым. Къытезгъэзэжынщи, ДыщэкI Гъуздин теухуа гукъэкIыжьыбжэр куэдщ. НыбжьэгъуфIу, къуэш пэлъытэу сиIа абы и цIэр къызоIуэ блэкIа зэманым иту, ар 2018 гъэм щэкIуэгъуэм и 20-м дунейм ехьжащи. Ауэ псэущ икIи псэунущ и цIэр къизыIуэн щыIэщ, лъэужь дахэ кIигъэнащи.

Гъуздинрэ и щхьэгъусэ Риммэрэ унагъуэ дахэ яухуат. Абыхэм бынищ зэдаIаIащ, гъэсэныгъэ яхэлъу къагъэтэджащ, щIэныгъэ ирагащ, гъащIэм лъэ быдэкIэ щагъэуващ я щIалитIмрэ хъыджэбзымрэ - Анзор, Амир, ФатIимэ. Ахэр унагъуэ дахэщ. Зощхьэгъусэхэр иригушхуэрт къатепщыкIыжа къуэрылъу-пхъурылъу цIыкIуэхэм, я лъэр нэхъри жан ищIырт.

МЭРЕМКЪУЛ Лиуан.
Арщыдан къуажэ



Бгырысхэм я Iуэрыlуатэр зэхуэхьэсыжауэ

● ТхылъыщIэхэр

Лъэпкъ Iущыгъэм и щIэнгъуаззу къэплъытэ хъунущ Котляровхэ Викторрэ Мариерэ я тхылъ тедзапIэм иджыблагъэ щагъэхьэзыра къыдэкIыгъуэр. Абы Iэ тезыдзэхэм (псори зэхэту экземпляр 1000-щ зэрыхъур) дыщэпскIэ зи теплъэр (жинтыр) гъэщIэрэщIа тхылъ нэхъыфIхэм хуэдэ къаIэрыхьэнущ.

ЛIЭЩIЫГЪУЭ бжыгъэкIэ лъэпкъхэм къадекIуэкIа Iуэрыlуатэхэм, хъыбарыжьхэм, таурыхъхэм ар зейхэм я фIыпIэр, Iущыгъэр, Iэрыкlыр щызэхэхьэсащ къыдэкIыгъуэм. Ахэр жызыIэжым и гупсысэм елъытауэ, щIагъатхъэхэри щыIэщ, хъыбарым щыщ Iыхьэ кIэрызыгъэхури мащIэкъым. Аращ ар тхылъ щхьэхуэзу дунейм къытетхъэхьэным и мыхьэнэр щIэлъагэр.

Япэрей «Легенды и предания» къыдэкIыгъуэм Кавказым и цIыхубэ творчествэм и щапхъэхэр щызэхэхьэсауэ къэплъытэ хъунущ. Нахъыбэу абы къыщыхьар революцэм ипэ лъэхъэнэм къыдэкIа тхылъхэм итахэрщ.

ЕтIуанэрэйм - «Сказки кабардинского народа»-м таурыхъищэ къыхэщыпкIауэ щызэхуэхьэсащ. Зэрытхыжар урысыбзэщ.

«Сказания горских народов» ещанэ тхылъым бгырыс лъэпкъхэм я лIыхъужь хъыбархэмрэ таурыхъхэмрэ итщ. Ахэр зэхуэхьэсыжьэри елэжьыжари Налшык щыщ Iуэрыlуатэдж щIэрыIуэ Баранов Евгениийщ. Абы щызэхуэхьэсащ 1917 гъэм ипэкIэ дунейм къытехьа тхылъхэм ящыщу къыдамыгъэкIыжахэр.

ЩIэнгъуаззм и япэ Iыхьэр ящэн щIадзащ. ЕтIуанэ, ещанэ Iыхьэхэр гъатхэпэ мазэм дунейм къытехьэнущ. Тхылъыр къебгъэхьыну Интернеткlэ Iэ тебдзэ хъунущ, нэгъуэщI къалэхэм щыпсэухэм ар почтэм Iэригъэхьэжынущ.

ТЭРЧОКЪУЭ Дисэ.

● Прохладнэ щIыналъэ

Мэзхэм хуэсакъын

«Урысейм и мэзхэр» фIэщыгъэм щIэту дуней псор къызэхэзыкIухь тхакIуэ Пашков Павел къыхилъха проектым тету мы зэманым ди къэралым и щIыналъэу 10-м къыщызэрагъэпэщащ мэзылъэ щIыпIэхэр хъумэныр зи пщэ дэзылъха Iэнатlэхэр.

«УРЫСЕЙМ и мэзхэм» проектым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэр къызэрагъэпэщащ Прохладнэ районым и чырбыш заводым и Iэщ1агъэлI Михайлик Леонидрэ абы и лэжьэгъуэмрэ.

Ди мэзхэр къэгъэщIэжьыным телэжьэну мурад быдэ зыщIа щIалэхэм якъуэувэхэм я бжыгъэм къыкъэхъуэу зэпытщ. Зэгуэхьныгъэр зэрылажьа мазитIым къриубыдэу мыбыхэм яублащ Бахьсэн, Балъкъ псы Iуфэхэр къабзэу зехьэным теухуа Iуэху. Нэрылъагъуу ди псы екжхэр пластик пкъыгъэхэмкIэ ясей. Мэзхэращи, ирагъэкIуэжа къэпщытэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, жыгейхэм хэщIыныгъэшхуэ ягъуэту хуежьащ.

Прохладнэ районым и жэрдэмщIакIуэхэм цIыху 30-м нэблагъэ къажъуэуващ. Абыхэм кьадзэлэпикъунущ дзэ зэщIэгъэIуэмрэ хабзэхъумэ Iэнатlэхэмрэ я ветеранхэм я Советыр, мэз хозяйствэм и лэжьакIуэхэр, юнатхэм я станцым екIуэлI ныбжьыщIэхэр, щIыналъэ администрацэм щIыуэпсымкIэ и Советым хэтхэр.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Хъыбар гуапэ

Социальнэ пособиехэм хохъуэ

2019 гъэм мазаем и 1-м щегъэжьауэ УФ-м Социальнэ страхованэмкIэ и фондым и мылъкум къыхэкIыу ят социальнэ пособиехэм зэхъуэкIыныгъэхэр ягъуэтащ.

САБИЙР къалъхуа иужь анэхэм зэуэ ират ахъшэр сом 17479,73-рэ хъунущ. Япэ бныр илъэсрэ ныкъэрэ хъухукIэ зэрыкIэлъыплъым щхьэкIэ мазэ къэс ят ахъшэр сом 3277, 45-рэ нэхъ мащIэу щытынукъым, етIуанэм, абы къыкIэлъыкIуэхэм папщIэ сом 6554,89-рэ.

Уэндэгъугъэр мазищым нэмысауэ медицинэ Iуэхущ1аIэхэм зыщезыгъэтх цIыхубзхэм зэуэ сом 655,49-рэ иратынущ.

2019 гъэм уэндэгъугъэм щхьэкIэ ятыну пособиер елъытауэ щытынущ илъэситIым (2017 - 2018) къриубыдэу къихьа улахуэм, зэрылажьа илъэс бжыгъэм. Ахъшэр тещIыкъуэ щытынущ ику ит и лэжьапщIэм. Зэрылажьа илъэс бжыгъэр мазихым нэмысамэ, нэхъ мащIэ дыдэу ят улахуэм тращIыхьынущ.

Ику ит лэжьапщIэр МРОТ-м хуагъадэ, илъэситIым къриубыдэу улахуэ гуэр имыIамэ е а лъэхъэнэм къихьар нэхъ мащIэ дыдэу ят улахуэм нэхърэ нэхъ цIыкIумэ.

ПIалъэкIэ зэрымылэжьэфым, уэндэгъугъэм, зэрылъхуам кьыхэкIыу ят пособиер зытращIыхь нэхъ мащIэ дыдэу ят улахуэр сом 11 280-м нос.

Дунейм ехьжа цIыхур щIалъхьэн папщIэ сом 5946,47 - рэ ират.

УФ-м Социальнэ страхованэмкIэ и фондым Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ къудамэм и пресс-Iуэхущ1аIэ.

Хуарзэ деж къыщагъуэтахэр

● Археологие

Кавказ Ищхъэрэм къыщагъуэтащ хьэпшып нэхъ жьы дыдэхэр. Ар къыхигъэщащ Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и академием ЩIэинхэмкIэ (Материальнэ щэнхабзэм и тхыдэмкIэ) и институтым и лэжьакIэщ, археолог Резепкин Алексей, «Московский комсомолец» газетым и корреспондентым и упщIэхэм жэуап щаритыжым.

АДЫГЭ Республикэм щежэх Хуарзэ псы цIыкIум ищхьэмкIэ щыIэ мэзхэм щIым хэгъэуэщажауэ хэт мывэ ухуэныгъэжьхэм ящыщ щым къыщагъуэтащ бзэпс иIэу нэхъ пасэ дыдэу дунейм къытехьа шыкIэпшынэр, джатэ, кхъэлэгъунэ блынхэм кIэращIыхьа сурэт гъэщIэрэщIахэм я нэхъ жьы дыдэхэр, Европэм псом япэ дыдэу щаухуа щIэгъэкъуэн гъэжар (кIыхьэгъэщIапхъэщ, дунейпсо







археологхэм зи гугъу тщIы хьэпшыпхэм хуэдэу ныбжьыщхуэ зиIэ Европэми, Азие, Къуэкlыпlэ Гъунэгъуми ящыкIи къызэдэсым къызэрыщамыгъуэтари.

Углерод Iэмалыр зи къэхутэныгъэхэм къыщызыгъэсэбэпа Iэщ1агъэлIхэм къызэрабжамкIэ, Адыгэ Республикэм щежэх Хуарзэ и псыхъуащхьэхэм щыIэ къэлэгъунэхэри абыхэм ящыщ зым къыщагъуэта шыкIэпшынэри дунейм къыщытехьар ди лъэхъэнэр къэунэхуным иджыри илъэс 3500 - 3342-рэ иIэущ, ШыкIэпшынэ тельыджэм щыщу къызэтена и пкъыгъуэхэр мы зэманым Санкт-Петербург дэт Къэрал Эрмитажым щагъэлъагъуэ, адрей щIэнкри, ди гуапэ зэрыхъунщи, Мейкъуапэ дэт Къэрал лъэпкъ музейм щIагъэзэгъащ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Ислъамым и нур

Зыгъэхьэзырар
ЖЫЛОКЪУЭ Лусаннэщ.

Суннэтыр гъэзэщIэныр псапэщ

Мухьэмэд бегъымбарым (Тхьэм и нэфIыр зыщIыхуам) илэжьауэ щыта псоми суннэткIэ доджэ.

Ипэми зэрыжьтIащи, фарзыр дымыгъэзащIэмэ, кIыгъэгъунукъым, ауэ суннэтыр дымыгъэзащIэми, кIыгъэгъунущ. Апхуэдэу щыгъуи, ар зыгъэзащIэмрэ зымыгъэзащIэмрэ Алихьым и пащхьэм зэи зэхуэдэ щыхъунукъым. Абы и щыхьэтщ мы хьэдисыр: «Мухьэмэд бегъымбарым (Тхьэм и нэфIыр зыщIыхуам) жиIаш: «Сэ фIыуэ сыкъэфIлъагъумэ, Алихьым фIыуэ фыкъилъагъужьыщ». Фарзымрэ суннэтымрэ зыгъэзащIэ цIыхур зэи щыуэнукъым. Суннэтыр дымыгъэзащIэми, кIыгъэгъуну щхьэкIэ, суннэтым мыхьэнэщхуэ иIэщ. Іущыгъэ гуэр къызыхуымыхьину, иджыпстурей гъащIэми къыщымыссбэпыну зы суннэти щыIэкъым. Псалъэм и хьэтыркIэ, Бегъымбарым (Тхьэм и нэфIыр зыщIыхуам) и Іэлъын къудейр къызоштэри, абы и хъыбар кIэщI щыкIым дыжьыхуреджэ Алихьым и арэзыщIыныгъэм дытелэжьэн зэрыхуейми, дыщIыпсэу псалъэм къытхуигъэув хабзэхэр зэрыдгъэзащIапхъэми.

Мухьэмэд бегъымбарым (Тхьэм и нэфIыр зыщIыхуам) Іэрыгъыу щытащ дыжьымыкъуэщIыкIа Іэлъын. Плыкіуэ лъапIэм (Тхьэм и нэфIыр зыщIыхуам) тхыгъэхэр яхуигъэхьу щытащ а зэманым щыIа гупхэм, къэрал унафэщIхэм. ЗэгуэрыIа, Мухьэмэд бегъымбарым (Тхьэм и нэфIыр зыщIыхуам) къыжраIащ: «Уа, ПлыкIуэ лъапIэ, хьэрыпхэм тIахьын ядакъым письмор, мыхъур (печать) телькъым, жаIэри». Ар щыIэхьихьм, къэралым и хабзэр имыкъутэн папщIэ, ПлыкIуэм (Тхьэм и нэфIыр зыщIыхуам) Іэлъын ищIащ, «Мухьэмэд рэсулу Аллахь» псалъэхэр тету. Ар и мыхъуру щытащ Бегъымбарым. ПлыкIуэм и щапхъэм дытетмэ, Алихьри арэзы къытхуэхъунущ, дыщыпсэу къэралми пщIэ зэрыхуэтщIын, абы и хабзэр зэрытхъумэн хуейр тщIэуэ дыпсэнунущ. Ар дерсышхуэ къызыхэпхын щапхъэщ.

Бегъымбарыр хьэмэм, псыунэ хуэдэхэм щыщIыхьэм деж Іэлъынныр зыIэрихьу щытащ, Алихьым и цIэр зэрытетым щхьэкIэ. Бегъымбар лъапIэм жиIауэ щытащ: «Сэ си мыхъурым ещхь фымыщI». Абы къегъэлъагъуэ нэгъуэщIым и мыхъурым ещхь адрейм ирегъэщI зэрымыхъунур. ПлыкIуэ лъапIэр (Тхьэм и нэфIыр зыщIыхуар) дунейм ехьжа нэужь, Іэлъынныр куэдрэ зэрахьащ, ятепщIыкIэ Абубакр, итIанэ Хьумар, иужькIэ Уэсмэн къыхуэнащ. АпхуэдизкIэ игъэлъапIэрт ПлыкIуэм (Тхьэм и нэфIыр зыщIыхуам) и Іэлъынри, Уэсмэн ар сыт щыгъуи къыздрихьэкIырт. Зы маз хуэ гуэрым Уэсмэн Іэлъынныр Іэпыхури, лъапIэм (Тхьэм и нэфIыр зыщIыхуам) тхыгъэхэр яхуигъэхьу щытащ а зэманым щыIа гупхэм, къэрал унафэщIхэм. ЗэгуэрыIа, Мухьэмэд бегъымбарым (Тхьэм и нэфIыр зыщIыхуам) къыжраIащ: Іэлъын щIыхуэхъум зэрихьэныр суннэтщ.

Сэкэрэтул мэутыр

КъурIэн лъапIэми Мухьэмэд бегъымбарым (Тхьэм и нэфIыр зыщIыхуам) и хьэдисхэми къыщыкIуащ цIыхум и псэр зэрыхах щыкIэр, псэр хэкIын и пэ зы дакъикъэм къуримыбдэу къэхъухэр.

ЦIыхум и псэр щыхэкIкIэ игъэв хьэзабыр («сэкэрэтул мэуткIэ» йоджэ) ажалыр къыззрыблэгъаи и ипэ нэщэнэщ. КъурIэнми къыщыкIуащ абы теухуа Іэятхэр. Сэкэрэтул мэутыр ПлыкIуэ лъапIэми игъэващ. Мухьэмэд бегъымбарым (Тхьэм и нэфIыр зыщIыхуам) и псэр щыхэкIыну дакъикъэр къыщыблагъэм, и натIэм пщIэнтIэпсыр ирилъэщыкIыурэ жиIат: «Сэкэрэтул мэут, сэкэрэтул мэут, сэкэрэтул мэут жьхуиIэр мыракIэ Тхьэ соIуэ!»

Абы теухуауэ КъурIэным къыщыкIуащ мы Іэятыр: «**Мыр фэ ди фIэщ мыхъуараш. Фэ ди гугъащ абы фыкъимыгъуэтыну. Нобэ, псэхэхыр къыщыфхуэкIуам, Дэ тIэтынущ уафэхэм я Іупхъуэр, фэдгъэлъагъунущ дунейм щыпкъэр. Ауэ псэхэхыр фэ щыфIлъэгъуа дакъикъэм щегъэжьауэ, фи тобэр къабыл хъужьнукъым. Ар флъагъун и пэкIэ тобэ къэвмыхьыжамэ, иджы къэфхьыжкIэ, мыхьэнэ иIэжкъым**».

ЛыкIуэ лъапIэм и хьэдисым къыщыкIуащ: «Псэр Іэпкълъэпкъым щыхэкIым и деж, нэр абы кIэлъоплъ, араш зи псэр хэкI цIыхум и нэхэр щыIэдплъейр». Алихьым апхуэдэу иухащ, ди псэр зэрыхэкIымрэ ар здахьымрэ ди нэхэр кIэлъыплъыну икIи псэхэхыр зыхуэкIуам фIэкIа ар нэгъуэщIым зыми ильаГуркъым.

КъурIэнымрэ хьэдисхэмрэ къыззрыщыкIуамкIэ, цIыху псоми я псэр зэхуэдэу хахыркъым. АлихьымкIэ фIэлъкIыкIыурэ иIахэм, Абы хуэжьыгъэщIахэм я псэр щыхахкIэ, мелыIыч Хьэзрэилым (ар псэхэхыращ) и гъусэу я нэгум нурыр кърихыу нэгъуэщI мелыIычхэри (ахэр мин бжьыгъэ хъунущ) къахуэкIуэнущ зи псэр хахым. Абыхэм жаIэнущ: «Умыгузавэ икIи умышынэ. Дэ Алихь Іэмыркlэ, Хьэзрэил и гъусэу дыкъыпхуэкIуащ, дэ ди къалэнщ уэри, уэ дунейм къытебнэ уи унагъуэри къэтхъумэну». ИтIанэ абы и псэр тыншу, щабэу хахынурэ, хуэсакъыпэу уафэм драхьеинущ. Жэнэтыбжкъэхэр абы хуэзIуахынурэ, Алихьым жиIэнущ: «Мы си пщылIым и цIэр ифтхэ си нэфIыр зыщIыхуахэм я цIэхэр зэрыт тхыIпым!». ИтIанэ Тхьэм псэм унафэ хуищIынущ: «КIуэ, псэ, хьыхьэж щIыми, щыпсэу абы Къемэт махуэр къэсыкукIэ».

Псэр щIым къехыжа нэужь, мелыIычитI къыхуэкIуэнущ - Мункиррэ Накиррэ. Абыхэм псэм упщIищ иратынущ: «Хэт уи Алихьыр? Сыт хуэдэ уи диныр? Хэт уи ПлыкIуэр?» Дауи, Алихьым хуэжьыIэщIахэм тыншу ятынущ а упщIэхэм я жэуапхэр.

КъурIэнымрэ хьэдисхэмрэ къыззрыщыкIуамкIэ, Іейуэ дунейм тетахэм я псэхэр хатхъынущ, ахэр Іейуэ гугъу ехьынущ икIи шынэнущ. Апхуэдэхэм я псэхэр уафэм щыдрахьейкIэ, жэнэтыбжкъэхэр зэхуащIынущ. Алихьым жиIэнущ: «Ифтхэ абы и цIэр Си нейр зыщыхуахэм я цIэхэр зэрыт тхыIпым!»

Алихьым хуэмыжьIэщIахэм я псэхэр щIым хадзэжынущ, Мункиррэ Накиррэ я упщIэхэми жэуап иратыфынукъым.

КъурIэн лъапIэм Іэят куэд къыщыкIуащ абы-хэм ятеухуауэ, хьэдис куэди щыIэщ.

Хъыдыр ЛIыкIуэ лъапIэм и хъыбар

КъурIэным щыщщ

ЛIыкIуэ Мусэ (Тхьэр арэзы зыхуэхъуным) и зэманым щыIащ нэгъуэщI зы лIыкIуэ Хъыдыркlэ еджэу, ауэ ар зэрылIыкIуэм зыри щыгъуазэтэкъым, Мусэ деж щегъэжьауэ.

«Хъыдыр» псалъэр зэрыпыбзэм щыщщ, «удзыфэ» къикIыу араш. ЛIыкIуэм апхуэдэу щIеджэм щхьэусыгъуэ иIэт: Хъыдыр здэтIыса щIыпIэр щхъуантIагъэ защIэ хъууэ щытащ.

Фигу къэдгъэкIыжынщ Мусэ ЛIыкIуэу Іисраил и биным къахуигъэкIуауэ зэрыщытар, тхылъи къызэрыхуэхар, къинэмыщIауэ, Мусэ закъуэ Езы Алихьыр къепсалъэу щытащ.

Зэгуэрым Іисраил и бынхэр къеупщIащ Мусэ: «Уа, Мусэ, мы дунейм хэт нэхъ губзыгъэ дыдэу тетыр?» - жаIэри. Абы жиIащ: «Сэращ». Алихьым зэхуигъазэу емыупщIу, езым жэуап зэритам щхьэкIэ, Тхьэм абы зригъэщIэжащ. Алихьым жиIащ: «Хьэуэ, Мусэ, уэ умыщIэ куэд зыщIэ яхэтщ Си пщылIхэм».

- Уа, си Тхьэ лъапIэ, хэт ар? Сэ тхылъ къысхуебгъэхауэ, ЛIыкIуэри сыкъэбгъэкIауэ, сэ нэхърэ нэхъ Іущыр хэт? Си Тхьэ, сынольэIу сыбгъэцIыхуну ар, - лъэIащ Мусэ.

- ХитIыр щызэхэлъадэм деж ущыхуэзэнчущ абы, - жэуап итащ Тхьэм.

- Дэнэ щIыпIэ деж хитIыр щызэхэлъадэр, сэ дауэ ар къыззрысщIэнур? - щIэупщIащ ЛIыкIуэр.

- Хым нэщэнэ иIэнущ. Къэлъмакъ къащтэ, абы бдзэжьей лIа илъхьи, ежьэ. А бдзэжьейр щыпфIэкIуэд щIыпIэм и деж ущыхуэзэнущ Хъыдыр, - жэуап итащ Тхьэ лъапIэм.

Мусэ иIащ унэIут щIалэ цIыкIу, АлихьымкIэ Іиман щыпкъэ бгъэдэлъу. Юшэхъ щIалэм зэреджэр.

- Юшэхъ, Тхьэ соIуэ, Хъыдыр къэзгъуэтыху сымыуыбIэнукIэ! - жиIэу Мусэ УнэIутым зыщыхуигъэзэм, щIалэщIэр щIэупщIащ:

- Уа, ЛIыкIуэ лъапIэ, дауэ ар къызэрыбгъуэтынур, махуэ дапщэкIэ хы Іуфэм уIуту укIуэн хуей абы щхьэкIэ?

- Илъэс бжьыгъэкIи къэслъхьэуэнущ, къэзмыгъуэтауи сыувыIэнукъым, жэуап итащ Мусэ. Уэ къэльтмакъ къащтэ, зы бдзэжьей лIа абы илъхьи, нежьэ си гъусэу. Бдзэжьейр пфIэкIуэдмэ, хъыбар сыгъащIэ, ар щыкIуэда щIыпIэм и дежщ Хъыдыр дыщыхуэзэнур, - жиIащ ЛIыкIуэ лъапIэм.

ЛIыкIуэм зэрыжиIам тету, Юшэхъ псори игъэхьэзырри, зэгъусэу гъэгуанэ техьахэщ.

ЩIэныгъэ къилъыхъуэн мурадкIэ, гъэгуанэ техьахэр Алихьым жэнэткIэ къыззригъэгугъам ипкъ иткIэ, Мусэ и щIэныгъэм хигъэхъуэн мурадкIэ, техьащ гъэгуанэ кIыхь.

ИкIэм-икIэжым ахэр нэсащ Алихьым жьхуиIа щIыпIэу, хитIыр щызэхэлъадэм. Мусэ апхуэдизкIэ ешати, хы Іуфэм деж щIыз бгъуэнщIагъэм щIэгъуалъхэри щхьэукъуащ. Юшэхъ Мусэрэ бдзэжьеймрэ ихъумэу ящхьэщыст. Алихьэ Іэмырти, къэлътмакъым ильа бдзэжьейр абдеж хым щыхьэжащ. Абы теухуауэ КъурIэным къыщыкIуащ мы Іэятыр: «**Хыхэр щызэхэлъадэ щIыпIэм ахэр щызэсым, ящыгъупщжащ я бдзэжьейр. Бдзэжьейр хым хыхьэжащ, щIы щIагъкIэ кIуам хуэдэу**».

И нэкIэ ильэгъуар хуабжьу телъыджэ щыхэщIащ Юшэхъ. ЛIыкIуэр къэушыху фIэбэмэщIэу пэплъащ, къэхъуар хуиIуэтэжыну, арщхьэкIэ, Мусэ къызэрызэщIууэ, щIалэщIэм щыгъупщжащ бдзэжьейм и хъыбарыр. Адэкlи гъэугуанэм пащагъэ здэкIуэм, ЛIыкIуэм жиIащ: «Юшэхъ, уэрэ сэри дымэжэлIащ, тIэкIу дедзэхэнщ, къэгъэхьэзыр тшхын». ЩIалэр къэльтмакъым щиIэбэм, игу къэкIыжащ бдзэжьейм и хъыбарыр. Адэкlэ Юшэхъ и псалъэхэр КъурIэным мыпхуэдэу итщ: «**Абы жиIащ: «ПщIэжрэ, бгъэзэщIагъым дыщыщIыхьар? Сщыгъупщжащ бдзэжьейр. ШейтIаным сщигъэгъупщащ. Бдзэжьейр телъыджэ Іейуэ хым хыхьэжащ**».

- Ар дэ къэтIыхьэхъурэщ, - жиIэри, хуабжьу гуфIащ Мусэ икIи Юшэхъ и гъусэу игъэзэжащ бгъэнщIагъымкIэ. Мусэ здэщхьэукъуэ щIыпIэм щынэсым, къалъэгъуащ абдеж жейуэ щылъ Хъыдыр. Ар здэщыпльащIыпIэм удз щхъуантIэр из щыхьуат. ЛIыкIуэм Хъыдыр сэлам ирихащ.

- Ухэт, уэ? - щIэупщIащ Хъыдыр.

- Сэ си-Мусэщ, - жэуап итащ ЛIыкIуэм.

- Іисраил и бным къахэкIа Мусэр уэра? - жиIэу Хъыдыр щIэупщIэм, Мусэ ар фIэтельыджэ хъури, еупщIащ:

- Сэ си хъыбар уэ дэнэ щыпщIэр?

- Сэ си хъыбар къыбжеIыам къызжиIащ уэ уи хъыбар, - жэуап итащ Хъыдыр.

Хъыдыр щIэупщIащ:

- Сытым укъыскъихьа, Мусэ, сыт хуэдэ щхьэусыгъуэкIэ укъыскъэкIуэ?

Мусэ жиIащ:

- Си щIэныгъэм хэзгъэхъуэн мурадкIэ сыкъыпхуэкIуащ.

- Уэ езым Алихьым и пащхьэ къикIа тхылъ лъапIэр пIэщIэлъщ, итIани, си деж уи щIэныгъэм щыхэбгъэхъуэну ара? - щIэупщIащ Хъыдыр.

- Аращ, сэ збгъадэмылъ щIэныгъэ уэ ббгъэдэлъщ

АдэкIэ Мусэ жиIа псалъэхэр КъурIэным мыпхуэдэу къыщыкIуащ: «**Хъуну, уи гъусэу гъэугуанэ сытехьэ, уэ уагъэщIа щIэныгъэр сыбгъэщIэжьи папщIэ?**» Хъыдыр жиIащ: «Мусэ, ар уэ пхузэфIэкIынукъым, шыIэныгъэ пхэпльынукъым. АдэкIэ КъурIэным итщ Мусэ жиIахэр: «**Алихьым жиIэмэ, шыIэныгъэ схэпльынщ, жыпIэми сыфIэкIынкъым**».

УнэIут щIалэ цIыкIур иутIыпщыжри, Мусэ Хъыдыр и гъусэу гъэугуанэ техьащ. Ахэр зэрытIысхьэну кхъухьэр къыщысым, абы исхэр гуапэу къыIуащIахэщ Хъыдыр, щIэ лъэпкъи къыIамыхыу тIри кхъуэхьым ирагъэтIысхьащ, сыт щхьэкIэ, жыпIэмэ, Хъыдыр зыхэт лъэпкъым псоми ящIэрт ар зэрыщIыху пэжыр, Іиман щыпкъэ зэрыбгъэдэлъыр, абы ипкъ иткIэ, фIыуэ къалъагъурт, пщIэшхуэ къыхуащIырт.

Хым тету ахэр здэкIуэм, зы къуалэбзу къалъэгъуащ хым и псым щыщ ефэу. Мусэ игъэIущым мурадкIэ, Хъыдыр щIэупщIащ:

- Мусэ, еплъыт мо бзум. Хым и сыт хэзгъэ Іыхьэра а бзум ирифыфар?

- Зы Іыхьэ закъуи ирифыфакъым, - жэуап итащ Мусэ.

- Плъагъурэ, Мусэ, уэри сэри Алихьыр къытхуэупсащ щIэныгъэ куукIэ, ауэ щыхъукIи, Алихьым и щIэныгъэм еплъытмэ, уэри сэри ди щIэныгъэр зэхэту хъуркъым а бзу цIыкIум ирифа псы тIкIуэпсым хуэдиз.

Тэлайкlэ кIуа нэужь, Хъыдыр джыдэ къищтауэ зэрыс кхъухьыр кIуэцIриудырт. Ар щилъагъум, Мусэ къуэIэбжьауэ жиIащ:

- Уа, Хъыдыр, пщIэр сыт? Апхуэдизу гуапэу къытIуща цIыхухэри дэри псым дебгъэтхьэлэну ара, кхъухьыр гъуанэ щIэпщIыр сыт? Лей щхьэ зепхьэро?

- Сэ бжеIатэкъэ, уэ си гъусэу гъэзугуанэ узэрытемыхьэфынур, шыIэныгъэ зэрыпхэмыльынур? - жиIащ Хъыдыр.

- Къыскхуэгъэгъу, сщигъупщащ, губгъэн къыскхуумыщIу, пызгъащэ гъэзугуанэм уи гъусэу, - жиIэу Мусэ щIыпIэуам, Хъыдыр абы арэзы техьащ.

Ахэр кхуажэ гуэрым нэсу кхъухьым къыщикIым, щIалэ цIыкIуитI здэджагуу къалъэгъуащ. Хъыдыр зы щIалэ цIыкIум Іейуэ еплъырт. Мусэ ар телъыджэ щыхъуащ. Ярэби, сыту пIэрэ, мы щIалэ цIыкIум апхуэдизу Хъыдыр щIеплъыр, егупсысырт Мусэ. Абы хэту, Хъыдыр щIалэ цIыкIум гъунэгъу зыхиущIри, иукIащ.

Мусэ губжьащ, кIиящ:

- Мыр сыт мы пщIар? Лажьэ зимыIэ сабийр щIэбжкIар сыт? Хьэрэмышхуэ щхьэ блэжьа?

Мусэ Алихьым и арэзыщIыныгъэм телажьэрти, дауи, лей лъэпкъ идэртэкъым.

Хъыдыр жиIащ:

- Сэ бжеIатэкъэ, уэ шыIэныгъэ зэрыпхэмыльынур, сэ си гъусэу гъэугуанэ узэрытемытыфынур?

- ШыIэныгъэ схэпльатэкъыми, зэ къыскхуэгъбгъэуащ, етIуанэуи сызэрыщыуар къызэгурыIуэжащ, ауэ иджыри зэ закъуэ сыппэрыуэмэ, е шыIэныгъэ схэмIыу къэхъумэ, мис итIанэ сызыкIэрыгъэху, гъусэ сымыщIж, - жиIэу Мусэ щыIэльэм, адэкIи гъэугуанэм пащащ.

Абыхэм гъэугуанэшхуэ зэпачащ. МэжэлIауэ, ешауэ, зы къуажэ гуэрым дыхьахущ. Къуажэдэсхэр псори зэхуэдэу нэпсейхэт, бзаджэхэт.

- Іейуэ дымжэлIащ, тIэкIу дывгъашхэ, - жиIэу щыIэльэм, зыми зыри къратакъым. Жэщ хъури, Мусэрэ Хъыдыррэ зы унэщIыб гуэрым деж щетIысхащ. Унэм и зы блынджабэр къауэу щыхуежьэм, Хъыдыр къэтэджри, ар зэтрилъхьэжащ. МэжэлIа щхьэкIи, еша щхьэкIи къимыгъанэу, и къару псори ирихьэлIащ унэм и зы блынджабэ къеухьр тэмэм ишIыжьи папщIэ. Апхуэдизу бзаджэу къаIуща цIыхухэм ящыщ зым и унэр къимыгъэуэн папщIэ Хъыдыр и къарум щIемблэжьам и щхьэусыгъуэр къыгурыIуэртэкъым Мусэ, ауэ зыхуигъэшэчащ щIэмыупщIэну. Нэху щыри, хуэмышэчыжу, Хъыдыр игъэкъуанщэу, щIэупщIащ Мусэ:

- Уа, Хъыдыр, шхын дэкъэгъуэ къыддэзымыту, апхуэдизу бзаджэу къытIущIахэм я унэ блынджабэр щхьэ яхуэпщIыжа, Іэмал имыIэмэ, пщIэ гуэр къеIыпхуу яхуэпщIыжамэ хъунутэкъэ?!

Хъыдыр къэпсалъэри, жиIащ:

- Ар мыбдеж къыщыдухащ уэрэ сэрэ зэгъусэу ткIуну гъэугуанэр. Ауэ бжеIэнщ дызэрыс кхъухьэр гуанэ щIэщIащIэу щIалэ цIыкIур щIэзуклами, блынджабэр щIэсщIыжами я щхьэусыгъуэхэр. Кхъухь сыугъуэнам къыпэплъэу хы Іуфэм Іутт зы пщы бзаджащIэ гуэр. Дагъуэ зимыIэ кхъухь псори а бзаджащIэм зыIэщIыхьэрт. Кхъухь дызэрысар зейхэр Алихьым хуэжьыIэщIэхэщ. А кхъухьымкIэ абыхэм кIалэжь тхьэмыщкIэхэмрэ зеинщэжмрэ трагъэкIуэдэн мыпкъу. Сэ сыщыгъуазэт гъуанэ сшIа кхъухьым псы къэмыкIуэу ар зейхэм зэращIыжьыфынум, апхуэдабзэуи, сыщыгъуазэт дагъуэ гуэр зиIэ кхъухь зрипсэу пщым къызэримыштэнум. Ар уи япэ упщIэм и жэуапщ, Мусэ.

«Лажьэ зимыIэ щIалэ цIыкIур букIащ», - жиIэри зэхуэзащIащ. ЩIалэ цIыкIум и адэ-анэр АлихьымкIэ Іиман щыпкъэ зыбгъэдэлъ цIыхухэт. Езы щIалэ цIыкIур ин хъуамэ, джаур хъунурэ, Алихьым и гъэзугум текIынут, адэ-анэри гугъу иригъэхьынут, абы илэжьынут иучащIэкIэ кхъухэмыгъун гуэныкъышхуэ, жыхьэнмэ Іыхьлы хъунут ар. ЩIалэ цIыкIуми абы и адэ-анэми Алихьым гущIэгъу яхуищIауэ аращ. Тхьэм щыгъуазэ сищIат сабийм къыпащылъ гъэзэгъуэхэм, а псори езмыгъэлэжьу, сукIиэ, сабийр жэнэт Іыхьлы зэрыхъунум, къинэмыщIауэ, Іиман щыпкъэ бгъэдэлъу къащIэувэн щIэблэкIэ Тхьэр адэ-анэм зэрахуэпсэнумкIи хъыбар сигъэщIат ДыкъэзыгъэщIам. Ар уи етIуанэ упщIэм и жэуапщ, Мусэ.

БзаджащIэхэм я блынджабэр щIахуэсщIыжами къедаIуэ, иджы: А бзаджащIэхэм зы лIы закъуэ яхэтащ Алихьым и арэзыщIыныгъэм телажьэу. Алихь Іэмыркlэ, абы ищIэрт куэдрэ зэрымыпсэунур. Абы щIалэ цIыкIуитI иIэт, къинэмыщIауэ, дыщэ-дыжьыни куэду иIэт. Нэху щыхьу сызэлэжьа блынджабэм и лъабжьэм щIэлът адэр щыпсэуи и сабийхэм яхуигъэпщIыу мыпкъур. Блынджабэр къуэмэ, къыщIащынут зеинщэжм я мыпкъур. Сабийхэр балигъ хъуэ, я мыпкъур яIэрыхьэжьыкIэ, блынджабэр хъумэн зэрыхуейм щыгъуазэ сищIат Алихьым. Мис ар уи ещанэ упщIэм и жэуапщ, Мусэ. Сыт хуэдэ Іуэхугъуэ сымылэжьами, Алихь Іэмыркlэ сщIауэ аращ, - жэуап итащ Хъыдыр. Мис абдежым щиухащ Мусэрэ Хъыдыррэ зэгъусэу якIуэ гъэугуанэр.

Аращи, щIэныгъэ псори зыбгъэдэлъыр Езы Алихь закъуэращ.

Хьэдисхэр

Жэнэтым кIуэнухэр зэрыпсэлъэнур хьэрыпыбзэщ. Дунейм щытетым а бзэр ящIэу щымытами, жэнэтым гугъуехь лъэпкъи зэрыщымыIэнум ипкъ иткIэ, жэнэт Іыхьлыхэр тыншу абыкIэ псэлъэнущ. А Іуэхумкlэ и щыхьэтщ мы хьэдисыр: «ЛIыкIуэ лъапIэм (Тхьэм и нэфIыр зыщIыхуам) жиIащ: «Хьэрыпхэр фIыуэ флъагъу мы щхьэусыгъуэищым щхьэкIэ: сэ сызэрыхьэрыпым, КъурIэныр хьэрыпыбзэкIэ къызэрехам, жэнэтым кIуэхэр хьэрыпыбзэкIэ зэрыпсэлъэнум щхьэкIэ».

НэгъуэщI хьэдисым къыщыкIуащ: «Жэнэтым кIуэхэр Іэдэм хуэдэу ину, Исуф хуэдэу дахэу, Хьисэ хуэдэу ильэс 33-м иту щыпсэунухэщ».

ЛIыкIуэ лъапIэм (Тхьэм и нэфIыр зыщIыхуам) жиIащ: «Тхьэ соIуэ Іиман ябгъэдэмылъкIэ! Тхьэ соIуэ Іиман ябгъэдэмылъкIэ! Тхьэ соIуэ Іиман ябгъэдэмылъкIэ!» Асхьабхэр щIэупщIащ: «Хэт сымэ жьхуэпIэр, ЛIыкIуэ лъапIэ?» «Зи гъунэгъур гугъу езыгъэхьэращ жьхуэсIэр», - жэуап итащ Бегъымбарым (Тхьэм и нэфIыр зыщIыхуам).

ГЪУКIЭЛI Исуф

Дунейри Ахърэтри нэхъ дахэ тхуэхъунт

Ди Тхьэшхуэм къытхуищIэр
ЗыхэтщIэу щытам,
Гуэныхьыу, хьэзабу
Эрахьэр тщIэгъам,
НэщI мазэр, нэмэзыр
ДгъэзащIэ дыхъуам,
Алихьым бзаджащIэр
Нэхъ мащIэ тхуищIынт,
Гуэныхьым, хьэрэмым
ПэлэщIи дищынт.
ЦIыху щIакIэр
ЦIыхуфIым пэдмыщIу
Щытам,
Ди гъащIэр щIэращIэ
Гуапащэ хъужьнт,
Дунейуи, ахърэтуи
Дахащэр тлъагъунт.

Мэжджыт цIэрыIуэхэр

Нигерием и къалащхьэ Абуджа дэт мэжджытым турист куэд йокIуалIэ. Ар 1984 гъэм яухуауэ араш. Азэн джалэу плIы хэтщ, нэмэз щащI пэшыр инщ, хуитщ. Абы фIэлъ уэздыгъэшхуэм и хъурейгъым дышэпскIэ тратхащ КъурIэным щыщ Іэятхэр. Мэжджытым хэтщ библиотеки музеи. Исламыр зезыхьэхэм я мызакъуэу, ТхьэМ и унэм екIуалIэ хъунущ нэгъуэщI дин зезыхьэхэри.

Гъатхэпэм и нэмэз щIыгъуэхэр

Фи лъэIукIэ

Махуэхэр	Пщэдджыжьыр	Дыгъэр къыщыщIэкIыр	Шэджагъуэр	Ичындыр	Ахъшэмыр	Жасыр
1, мэрем	05.12	06.43	12.28	15.32	17.54	19.34
2, щабэт	05.10	06.41	12.28	15.32	17.55	19.35
3, тхьэмахуэ	05.08	06.39	12.28	15.33	17.56	19.36
4, блыщхьэ	05.06	06.38	12.28	15.34	17.58	19.38
5, гъубж	05.05	06.36	12.28	15.35	17.59	19.39
6, бэрэжьей	05.03	06.34	12.27	15.36	18.00	19.40
7, махуэку	05.01	06.33	12.27	15.37	18.01	19.41
8, мэрем	05.00	06.31	12.27	15.37	18.03	19.43
9, щабэт	04.58	06.29	12.27	15.38	18.04	19.44
10, тхьэмахуэ	04.56	06.27	12.26	15.39	18.05	19.45
11, блыщхьэ	04.54	06.26	12.26	15.40	18.06	19.46
12, гъубж	04.53	06.24	12.26	15.41	18.08	19.48
13, бэрэжьей	04.51	06.22	12.26	15.41	18.09	19.49
14, махуэку	04.49	06.20	12.25	15.42	18.10	19.50
15, мэрем	04.47	06.19	12.25	15.43	18.11	19.51
16, щабэт	04.45	06.17	12.25	15.44	18.13	19.53
17, тхьэмахуэ	04.44	06.15	12.25	15.44	18.14	19.54
18, блыщхьэ	04.42	06.13	12.24	15.45	18.15	19.55
19, гъубж	04.40	06.11	12.24	15.46	18.16	19.56
20, бэрэжьей	04.38	06.10	12.24	15.46	18.18	19.58
21, махуэку	04.37	06.08	12.23	15.47	18.19	19.59
22, мэрем	04.35	06.06	12.23	15.48	18.20	20.00
23, щабэт	04.33	06.04	12.23	15.48	18.21	20.01
24, тхьэмахуэ	04.31	06.03	12.22	15.49	18.22	20.02
25, блыщхьэ	04.30	06.01	12.22	15.49	18.24	20.04
26, гъубж	04.28	05.59	12.22	15.50	18.25	20.05
27, бэрэжьей	04.26	05.57	12.22	15.51	18.26	20.06
28, махуэку	04.24	05.55	12.21	15.51	18.27	20.07
29, мэрем	04.22	05.54	12.21	15.52	18.28	20.08
30, щабэт	04.20	05.52	12.21	15.52	18.30	20.10
31, тхьэмахуэ	14.19	05.50	12.20	15.53	18.31	20.11

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Мусылъымэнхэм я Іуэхущ Іапэм къыдитащ.

● Жыжьэ - гъунэгъу

Зыми емыщхь Косыгин Алексей

Сыту псынщIэу кIуэрэ зэманыр! Дыгъуасэ хуэдэщ дэ дуней рсор зыфIэIыкIа СССР-м дыщыщыпсэуар. Къэралым и Iуэхур зэрефIакIуэр зыхэтщIэрт. Ар си фIыщIэхэм ящыщщ Косыгин Алексей Николай и къуэр. А цIыхум илъэс пщыкIухкIэ ди къэралым и Правительствэм и Унафэщ къулыкъур иIыгъащ. Апхуэдэ нэхъапэм СССР-ми Урысейми я тхыдэм зэи къыщыхъуакъым. Илъэс 42-кIэ Правительствэм зэрыхэтари тельыджэщ. Косыгин езым и лъэхъэнэгъу псоми куэдкIэ апэ итт. ЖытIэнщи, СССР-м и парт идеолог нэхъыщхьэ Суслов Михаил цIыхубзм псэкIэ апэжыжьэт, КПСС-м и ЦК-м и Секретарь нэхъыщхьэ Брежнев Леонид теухуауэ кIэ зимыIэж анекдотхэр зохалъхьэрт. Министрхэм я Советым и Iэтащхьэ Косыгин Алексей пщIэшхуэ дыдэ хуащIырт.

КОСЫГИНЫР премьеру щыщыта илъэсхэм щэбэтыр етIуанэ зыгъэпсэжгъуэ махуэ ящIат, автомобиль нэхъыбэм къащхуфэ хьуат. Телевизорхэр, алэрыбгъуэр, сабэщыпхэр, щIыIапIэхэр, зэрыжьыщIэ машинэхэр унагъуэ щагъуэ къэмынэу яIэт. ПсэупIэ-уху кIуэ кооперативхэм зыкъаужьати, цIыхухэм фэтэр къащхэну Iэмал яIэт. Улахуэ хьарэыни къаIэрыхьэрт. Жыпlэну инкъунщ а лъэхъэнэм СССР-м и ВВП-р илъэс къэс процент 10-кIэ хэхъуэрт. Курыт лэжьапщIэхэр хуэди 2,5-кIэ нэхъыбэ хьуат. 1980 гъэм Косыгин Алексей лIащ. Абдежым къыщыщIдзащ къэралым и Iэхуэхэр зэIыхьэнри.

Косыгин Алексей 1964 гъэм СССР-м и Министрхэм я Советым и УнафэщI хьуащ. Ар гулъытэншэу къаГэнакъым къухьапIэ журналистхэми. Псалъэм и хьэтыркIэ, абыхэм ящыщ зым итхыгъат: «Косыгиныр совет унафэщIхэм я лIэужьыгъуэщIэщ. Ар идеологхъым, атIэ Iуэхум сыт и лъэныкъуэкIи хэхъэзыр лэжьакIуэщ. Ар урыс экономикэм сэбэпышхуэ хуэхъуфынущ. Апхуэдэ цIыхуэм «Форд» е « Дженерал Моторс» корпорацэ инхэм хуэдэ хузехьэнут.

1920 гъэхэм я зэхуэдитIхэм къыщыщIдзауэ ар кооперацэм и Iэнатlэхэм щылэжьащ. Абы щыгъуэ къыщIэкIынущ цIыхубэмрэ экономикэмрэ зыхуейр куууэ къыщыгурыIуар. А зэманым СССР-м щыхэхъуащ цIыхухэм куэду къагъэсэбэп хьэпшыпхэм. 1932 гъэм Ленинград и «Радист» Iуэхущапlэм СССР-м щыяпэу радиолэ къыщыщIагъэкI, 1939 гъэм апэ совет телевизорхэр щащIу щыщIадзащ. «Юпитер» Iуэхущапlэм зэрыжьыщIэ машинэхэр щагъэхьэзырырт.

Косыгиным и лэжьыгъэр гулъытэншэу къэнакъым. Абы Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь цIэр тIэунейрэ фIащащ, Ленин ордену 6 ираташ, ауэ а псор зыхигъэлъын фIэфIтэкъым. И дамыгъэхэм ящыщу нэхъ игъэлъапIэр Дзэ Бэракъ Плъыжь орденым и закъуэт.

Хэку зауэшхуэм и фронтхэм щымыззуам, ар абы икъукIэ хуэфащзу кIилэжьат. Жуков Георгий орденыр зыхуигъэфэщар Совнаркомым и Унафэщlым и къуэдзэ Косыгиныртэкъым, атIэ Гъащlэ гъэзу цIэрыIуэр зэтезыхуха Косыгинырт. Бийм къиухъуреихьа Ленинград 1942 гъэм щыщылэм и 9-м къэлъата иужь, абы занщIэу къыгурыIуат ящIэн хуейр, а сыхьэтми Сталиным епсэлъат. Иужьрейр арэзы хъуащ Гъащlэ гъэгъур къыззIухьи зэрыхуейм. Языныкъуэхэм нэхъ къащтэнт бийм кIиухьуреихьа къалэм удэс нэхърэ Москва унафэ къращIыкIыну. Арщхьэкlэ Косыгиныр апхуэдэтэкъым: абы псоми езым и нэIэ тетын хуейт. ЗыхьумэжьныгъэмкIэ хэрзат комитетым и лIыкIэр цIыху къызэрыгъэкIэм щIакхъуэкIэ ядэгуашэрт. Мыри ягу кIынэжащ: хьэдэ диянэм сабий яхэлъу щIилъагъум Косыгиным ар Iэплlэкlэ къищтащ. Сабийр псэут! Езым и Iэкlэ сымаджэщым ихьри, ар къызэрIувэжьхукIэ и нэIэ тригъэтат.

Ленинград щызэфIиГэкIаХэм папщIэ абы епт хъунут «Победа» орденыр. Советыдзэм и Iуэху езыгъэфIакIуэ жэрдэм къыхэзыпхьыгъ ар нэрыльгъыу зыщIэхэм иратыт а орденыр. Сыбыт атIэ Совнаркомым и Унафэщlым апхуэдизу ищIар? Абы хуэзфIэкIам щыхьэт тохъуэ фашист Германием Iэщlэкlэ зызэщIэуэздзэнымрэ шэхэмкIэ и рейхсминистр Тодтт 1941 гъэм щыкIуэгъуэм и 29-м Гитлер хуитха тхыгъар: «СССР-м етщIыпIа зауэр дгъэувыIэн хуейщ, экономикэ и лъэныкъуэкIэ зауэр Германием зэрыфIахьэхуам къыхэкIыу».

Тодтт цIыху губзыгъат. Абы къыгурыIуэрт и ныкъуэкъуэгъу нарком ныбжьыщIэм Гитлер зи блигъущIэтхэм нэхърэ куэдкIэ нэхъыбэ пIалъэ кIэщIым зэрызэфIигъэкIар. 1941 гъэм мэкъуауэгъуэм и 24-м Косыгиныр ягъэуващ Эвакуацмкlэ советым и унафэщIым и къуэдзэу. Абы и пщэ къыщIэхуащ промышленнэ Iуэхущапlэхэр Сыбырымрэ Уралымрэ гъэIэпхъуэныр. А лэжьыгъэр абы дагъуэншэу зэфIигъэкIащ: зауэм хуэлажьэ завод 1360-м псынщIэ дыдэу продукцэ къату хуежьэри, СССР-м экономикэefIэкIуэныгъэ игъуэтат.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

Ар щхьэ щыземыкIуэрэ Урысейм?

● Захуагъэ

Мы зэманым цIыхухэм я псэуцIэрдж къэралымегъэлъагъуэ зэрыэзэщхьэщыкIам темыпсэлъыхьхэр щхьэхыгъэхэм я закъуэщ. Псом хуэмыдэу къыздрагъэжейри, налог зэрат щIыкIэм захуагъэ зэрыхэмылъырщ. КъызыхэкIари, гурыIуэгъуэщ: ар нэм къыщIоуэ. Газетхэм а Iуэхур къызэрагъэтрэ куэд щащ, арщхьэкIэ къагъэдэIуэфыркъым къулыкъушхуэ зыIыгъэхэр. Иджы апхуэдэ щытыкIэм гу лъатащ УФ-м и ищхьэрэ палатэм и депутатэмри. Щыхьэтхыныщ Къэрал Думэм Бюджетымрэ налогхэмкIэ и комитетым и унафэщIым и яп» къуэдзэ Шурганов Валентин «Аргументы и факты» газетым къытрырегъэдза тхыгъэр.

«ЗИ МЫПЬКУМ и инагъымкIэ дунейм щыетIуанэ мелардырыбжэ Гейтс Билл иджыблагъэ тхьэусыхащ ит налогыр зэрымащIэмкIэ. Американ бюджетым хилъхьэ доллар мелардипщIыр абы къыщохъу дыхьэшэну мащIэу», - ятх цIыхубэм и лIыкIуэм.

Гетс и псалъэм щIиГужащ апхуэдэ мыпЬку зэрыхуэмыфащэр, ар зэманым, екъулIэныгъэм, къыздлажьэ цIыхухэм я фIыгъэкIэ зэрызэригъэпэщащ. Апхуэдэ гуэр ди олигархэм къажьэдэкIыу зэ мыхъуми зэхэтхыну пIэрэ?

ФIэщщыIыгъуейщ, ауэ Гейтс Билл апхуэдэу жиIэфынущ зы щхьэкIи мыгузавэу. Iуэхур зыIутри мыращ: къухьэпIэ къэралыгъуэм щызекIуэ «прогрессивнэ налог» жыхуаIэр. Абы къэкI цIыхум къэзыIэрыхьэ хэхъуэр нэхъыбэху ит налогри нэхъыбэм хуейуэ. Тельыджэращи, ераща экономикэр зыIунэтIри. Апхуэдэ налог тыкIэм къэлейхэм Iэмал яритырхъым ахъшэ зэхуахьэсыну - къаIэрыхьэ мылъкур нэхъыбэхукIэ налогыу нэхъыбэм ятын хуей хьунущ. Абы къыхэкIыу къулейхэм я хэхъуэжэр псапэ зыпылъ Iэхуэхэм, езыхэм я Iэнатlэм зрагъэужьыным, лэжьыгъэщIэхэм халъхьэн хуей мэхъу. Ахъшэкэр щылъхьым, атIэ къэралым хуолажьэ. Е ахэр бюджетым макIуэри, медицинэм е егъэджэныгъэ Iэнатlэм къыхохутэ. Сыт хуэдэ щыкIэкIи экономикэм щIэгъэкъуэн хуохъу. Абы и Iэужьыщ къэралри цIыхухэри нэхъ къулей зэрыхъур.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, ди дежь апхуэдэ гуэрри щызекIуэркъым. Мылъкушхуэ зиIэхэр иджырей хабзэжьым бахэутечыркъым. Правительствэри абыхэм ядожьу. ЗыщхьэщагъэIуэкI «къулейхэм я хэхъуэхэр зрэпэщкIынущ», «налогхэр апхуэдэу ткIийуэ ди нэIэ щIэдгъэтыфынукъым» жаIэу. АрщхьэкIэ ди дежь налог къыззрыхьхабзэр зэрыщымыдагъуэншэм и гугъу ящIыркъым.

Абы и зэранкIэ къулейхэмрэ къулейсызэхэмрэ нэхъри зэпэжьжьэ мэхъу, цIыхухэм я мыарэзыныгъэр зэщIопльэ. ЛэжьакIуэ къызэригъэзкIэр лъэщапIэ инхэм щолажьэ, ауэ къаIэжьыр зыIэрыхьэр къулейхэрщ, езыхэр хуэмыщIауэ мэпсэу. Зэ мыхъуми зэ апхуэдэ зэхуэмыдэныгъэм къаугъэ къикIынущ. Ауэ ди къэралыр хуейт абы?

Ятын хуей налогыр зыхуэдизыр бгъэувыну гугъукъым. Нэхъыщхьэр мы хабзэм техьэныр: къулейсызхэм налог нэхъ мащIэ, курытхэм - курыт, къулейхэм нэхъыбэ ятын хуейщ. Араща ди экономикэм зезыгъэузэщIыну, цIыхухэм я псэукIэр езыгъэфIакIуэну щыIэ Iэмалыр.

● Футбол

ЩIымахуэми чемпионщ «Автозапчасть»-р

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гъэмахуэ чемпион «Автозапчасть»-м щIымахуэми къыпэлъэщын къыкъуэкIакъым.

ТХЬЭМАХУЭ кIуам бахъсэндзэхэр IущIащ къалъэщIэхьжьфыну Iэмал зиIэ командэ закъуэм. «Спартак-Налшык-д»-м «Автозапчасть»-р хигъэщIатэмэ, иджыри чемпионыгъэм щIэбэныфынкIи хъунут, я хьэрэхуэрэгъу нэхъыщхьэм афIэкIа зы очкои кIэух джэгугъуэм къыщимыхьмэ. АрщхьэкIэ, зэхьэзэхэуэм зэрыщIидзэрэ пашэныгъэ зыIыгъэм бжьыпэр ящIыпащкъым икIи налшыкдэсхэм афIэкIри, дыщэ медалыр зы тхьэмахуэкIэ нэхъ пасэу зыIэрагъэхьащ.

«Спартак-Налшык-д»-р иджы зыщIэбэныфынущ дыжьынращ. Абы папщIэ иригъэкIуэтэкIын хуей хъунущ мы гъэм зыри къызыпэмылъэщ икIи иригъэкIуэкIа зэIуащIибгъум ящыщу 8-м щытекIуа Зеикъуэ и «Шагъдийр». Ар тынш зэрымыхъунур, дауи, наIуэщ.

ДжэгугъуитI хъуауэ зэхьэзэхуэм хэкIыжа Шэджэм и «Альянс»-м къищынэмыщIа, гуп нэхъыщхьэр зыми ибгынэну хуейкъым. Куэд щIауэ псоми къакIэрыхуу щыта «Спартак-Налшык-н»-р къэщIэрэщIэжащ икIи аргуэру очкоищ зэрызыIэригъэхьам и фIыгъэкIэ бэнэныгъэм къыхэнащ. Иджы хэт лейми щызэхэкIынур кIэух зэIущIэращ: Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэш къэрал университетым и командэр къыхагъащIэрэ «Спартак-Налшыкым» и ныбжьыщIэхэр текIуэмэ, студентхэр лей хъунущ.

Гуащъхьаузхэм я зэпеуэм хуабжьу щызэныкъуэкъу «Шагъдийм» и пашэ Бэлагъы Русланрэ Сэрмакъ и «Союз»-м щыщ Тамаев Аланрэ. Хэт нэхъ лъэщми абыи щызэхэкIынур кIэух джэгугъуэращ. ЗэкIэ бжьыпэр иIыгъщ топ пщыкIуплI зи хьэрхуэрэгъуэхэм яхудзэныгъэкIа Бэлагъым.

Иджы щыгъуазэ фыхуэтщынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и щIымахуэ чемпионатым щэбэт кIуамрэ тхьэмахуэм-рэ иужьу щызэхэта зэIущIэхэм къарикIуа бжьгъэхэм. Мис ахэр: **«Велес»** (Къэрэгъэш) - **«Союз»** (Сармакъ) - **5:6**, **«Керт»** (Къэхьун) - **«Бабугент»** (Бабугент) - **2:1**, **«ГорИС-179 РусГидро»** (Бабугент) - **0:3** *(шэджэмдэхэр къызэрымыкIуам къыхэкIыу)*, **«Кэнжэ»** (Кэнжэ) - **«Шагъдий»** (Зеикъуэ) - **1:3**, **«Малка»** (Малкэ) - **«КъБКъУ»** (Налшык) - **1:1**, **«Мурбек»** (Налшык) - **«КъБКъМУ»** (Налшык) - **4:2**, **«Автозапчасть»** (Бахъсэн) - **«Спартак-Налшык-д»** (Налшык) - **1:0**, **«Спартак-Налшык-н»** (Налшык) - **«ХьэтIохъущыкIуей»** (ХьэтIохъущыкIуей) - **4:2**.

ХЬЭТАУИслъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ 2018/2019 гъэхэм я щIымахуэ чемпионатыр зэрекIуэкIыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Автозапчасть»	14	11	3	0	36-6	36
2. «Шагъдий»	14	9	1	4	30-20	28
3. «Спартак-Налшык-д»	13	7	4	2	18-10	25
4. «Мурбек»	14	7	4	3	29-13	25
5. «Велес»	14	7	2	5	32-21	23
6. «КъБКъУ»	14	7	2	5	20-17	23
7. «ГорИс-179 РусГидро»	14	6	5	3	24-21	23
8. «Союз»	14	6	4	4	28-25	22
9. «Кэнжэ»	13	6	2	5	20-15	20
10. «Керт»	14	5	3	6	17-21	18
11. «ХьэтIохъущыкIуей»	14	5	2	7	23-28	17
12. «Малка»	14	4	5	5	13-16	17
13. «Бабугент»	14	3	4	7	13-21	13
14. «КъБКъМУ»	14	1	5	8	14-31	8
15. «Спартак-Налшык-н»	14	2	1	11	16-41	7
16. «Альянс»	14	1	1	12	9-36	4

«Узыдэмыхьа къуэладжэ лы дэзщ»

● Абы дегъэпIейтей

- Мы псалъэжьыр ауэ сытми кьежьакъым. Абы къикIыр ущалъхуа лъахэм ущыпсэуи нэхърэ нэхъыфI зэрыщымыIэрщ, ар сыт хуэдэу щытми. ГъащIэ дахэм нэхъ хуэщIа щIыналъэхэр, дауи, мащIэкъым, арщхьэкIэ зыщыгъэгъупщэн хуейкъым абыхэм узэрыщыхамэр. Арщхьэкlэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, ар куэдым къагурыIуэркъым. псом хуэмыдэу щIалэгъуалэм. Иджыблагъэ «Левада-центр»-р цIыхухэм зэреупщIам кърикIуа-хэри абы щыхьэт техьэщ.

ЗИ НЫБЖЬЫР илъэс 18-м къыщыщIэдзауэ 24-м нэсхэм я процент 41-р нэгъуэщI къэрал Iэпхъуэну хуейуэ къыщIэкIащ. Псом хуэмыдэу ар зигу къэкIри къалэшхуэхэм щыпсэхэрэр. Мыри гъэщIэгъуэнщ хамэ щыпIэхэм къыщыхутэну щIэхъуэпсхэм я процент 80-р цIыхубзщ. Процент 41-р куэдыIуэщ, нэхъапэм зи къэмыхъуауэ. Нэгъабэ ВЦIОМ-р цIыхухэм щеупщIам а бжьыгъэр зыщхьэр процент 31-рат.

Экономист Бовт Георгий кьелъытэ щIалэгъуалэр гъэзу техьэну зэрыхьэзырыр псэуныгъэм егъэщIылIа щхьэусыгъуэм къыхэкIыу. Ауэ ар мыЗщIагъэлIым и дежкIи гурыIуэгъэщ. Зэрыщыту къапщтэмэ, Урысейм и цIыхухэм я процент 60-м щIигъур зыщIыпIи Iэпхъуэну хуейкъым икIи Iэпхъуэфынукъым, абы трагъэкIуэдэну мылъку зэрамыIэм къыхэкIыу. Ахэр иужьрей илъэситхум япIэ икIакъым, хэбгъэзыхьмэ, къэрал гъунэгъухэми щIакъым. Ауэ адрейхэм къагъэсэбэп къалъыкъуэкIа хэкIыпIэ закъуэр - Москва е Санкт-Петербург, промышленность здэщыIэ къалэшхуэхэм макIуэ. Езыхэм я деж ауэ жьжьэуи щыземыкIуэ улахуэрэ къажьэ, езыгъэжьа адэ-анэ-хэм къадоIэпхькъу. Ауэ сыт а къалэшхуэхэм къыщыхъуахэр езыхужьыр? Абыхэм къагурогIуэ заужьын папщIэ яхуэзэфIэкIынур зэрымащIэр. ХьэрычэтыщI лэжьыгъэм ухыхьэфынукъым, ар зыльэкIынур мылъку ззэпльэфаIэхэм я бынхэщ. Мис а Москва дыдэми уи улахуэр сои мини 100-150-м зэи щыщIигъунукъым, сыт хуэдизрэ умылэжьами. Араща, фэтэр къыпхуэщэхунукъым, автомашинэфI кредиту кьеIыпхми ахъшэр тыжьигъуэй хъунущ. УнагъуэщIэхэр занщIэу къулейсыз мэхъу бын зэрагъэуту. КъыщынэмыщIауэ, щIалэгъуалэр хуейщ дахэуи захуэпэну, фIыуэ щэну, я нэгу зрагъэужьыну. Къулыкъуки дэкIуеифынукъым, къулейхэм я къуэхэмрэ япхъуэхмрэ хуэдэу. Аращи, псори зэпэубыдащ.

Пэжу, Iэпхъуэн зи мыжагъуэхэр Урысейм щыпсэуэхэм я закъуэкъым. Иужь илъэсхэм Европэ Илъэс ипIэ Европэ Ищхъэрэм щыпсэу мелиноуэ кIуащ ахъшэ кьалэжьыну. Евросоюзым и къэралхэр студентхэмкIэ зэрызэхъуажэм ныбжьыщIэхэм Iэмал ярет хамэ щIыпIэм щеджэну, иужькIэ щылэжьэну абы къэнжэну. Уеблэмэ Америкэ кьулейм и цIыхухэри мэзэпхъуэ. США-м и цIыху мелуани 9-м щIигъур зэпымыуэ нэгъуэщI щIыпIэхэм, налогхэр щынэхъ мащIэхэм щопсэу. Ауэ Урысейм икIыфхэр Iэпхъуэну хуейхэм я процентэ 2 - 5 кьудейщ. Я нэхъыбэми иужькIэ къагъэззэж. Яхэзагъэрыкъым. Ди псэукIэм зыкъыжьыжьмэ, нэгъуэщI къэралхэр псэупIэ зыщIынухэм я бжьыгъэм нэхъри хэщIынущ.

ЩIымахуэми чемпионщ «Автозапчасть»-р

Iэпщэрыбанэхэм я Iэмалхэр

«КъБР-м щыIэ МВД-м Наркотикхэм кIэлъыпIэныныкIэ и управленэм и «Гром» гуп хэхам хэтхэр я хьэщIащ Налшык дэт курыт еджапIэ №9-м и школакIуэхэм. Полицейскэм ныбжьыщIэхэр хагъэгъуэзащ хабзэхъумэ Iэнатlэхэм я лэжьыгъэм», - къет МВД-м и пресс-Iуэхущапlэм.

ПОЛИЦЕЙХЭМ ящыгъуащ МВД-м дэлажьэ Жылагъуэ советым и лIыкIуэ Мэкъауэ Радимэ.

ЬэщIэхэм школакIуэхэм ирагъэзыгъуащ Iэпщэрыбанэ зэуэкIэм и Iэмалхэр, Iэщэ яIыгъыу къатеуэнкIэ хъунум зэрыпэщIэт, яубыдахэр хуит къызэращIыж щIыкIэм. ЩIалэ, хъыджэбз цIыкIухэм хабзэхъумэхэм ящIыгъуу ягъэлъэгъуащ езыхэми спортымкIэ яIэ зэфIэкIыр.

Iуэхум зэрыхэтам папщIэ фIыщIэ хуащIу, еджакIуэ хъыджэбз цIыкIуэр полицейхэм ехъэхъуащ Хэкум и хъумакIуэм и махуэмкIэ икIи абы теухуауэ езыхэм ящIа сурэтхэр тыгъэ хуащIащ.

Iуэхур яухащ «Наркотикынщэу!» марафоным папщIэ ягъэхьэзыра кыхуеджэныгъэхэмкIэ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Ипщэ дыдэм щыIэ къалэ

● Аргентинэ

Ушуайя Аргентинэм щыщ къалэ цIыкIущ. Ар щыпIэ тельыджэм щыIэщ: уэсэщхьэ куршхэм къауэхьуреихь, и тафэр щхьэуантIагъэхэм щIагъэнащ. Тельыджэращи, ар Полюс Ипщэм зэрыпэжьжьэр километр 900 кущыдей, Араща, Ушуайя къалъытащ дунейм и ипщэ дыдэ лъэныкъуэмкIэ щыIэ къалэу.

Мыбы куэд къокIуэ зыщапIъыхьыну, езым зэпымыуэу щопсэу цIыху мин 50-м нэблагъэ. Абыхэм я нэхъыбэр бдзэжьеящэхэмрэ я унагъуэхэмрэщ. Езы къалэр цIыкIуми и аэрэпортыр ин дыдэщ. Абы икIыурэ кхъухьлъатэ-хэр Антарктидэми макIуэ.

Iулъхьэм пэщIэтыным и пIэкIэ...

● Осетие Ищхъэрэ - Алание

Осетие Ищхъэрэм ФСБ-м и лэжьакIуэхэм Iулъхьэ къыIихыу яубыдащ МВД-м экономикэ шынагъуэншагъэмрэ коррупцэм пэщIэтынымкIэ и къудамэм и унафэщIым и къуэдзэ Козонов Альберт. Абы папщIэ республикэм и кьалащхьэм и хьэблэ псор хъаувыжьыкъым хуей хъущ.

- Полковник Козоновыр яубыдащ езыр щылажьэ пэшым щIэсу Iулъхьэу сом мелуани 6,7-рэ къыщыIихым. Абы щIыпIэ къулыкъущIэм хуигъэуват ар уголовнэ жэуаным иримышэлIэн папщIэ доллар минищэ иритыну. Арщхьэкlэ къулыкъущIэм ФСБ-м зыхуигъэзащ. Ахъшэ иритащ хабзэхъумэхэм я кIэлъыплъыныгъэм щIэту,- жаIащ Iуэхур зэхэзыгъэкIэхэм.

- Яубыдам хуэгъэза уголовнэ Iуэху къаIэтащ «Iулъхьэшхуэ къеIыхьи» статьямкIэ. Ар ягъэтIысащ зэкIэ мазитIкIэ, къитащ Урысей Федерацэм и Следственнэ комитетым и пресс-Iуэхущапlэм.

«Махуэкум» и къыдэкIыгъуэр зыгъэхьэзырар **ШАЛ Мухьэмэдщ.**

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

Жьэкlэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и яп» къуэдзэ), **Жыласа Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Кьардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщlэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмышlэ Иэз.**



Езыгъэхэзыр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителэхэр).

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КъУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Iуэхущапlэхэм ядэлэжьэныкIэ -42-60-53; зэушыгъэмрэ щIыуэпсыр хъумэныкIэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84;компьютер Iэнатlэм - 42-26-41; сурэтчэным - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщалэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъыкIэ азэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епIыкIэр зэтехуу зэпыту щытхьэм.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхъыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.:76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хутыныгъэр хъумэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущапlэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33 12+

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ПхъатIыкI Соня,** *редактору* **Жыласа Заурбэч,** *корректорхэру* **Афэ Тамарэ** *(3, 5, 6-нэ нап.),* **Инэрокъуэ Аззэт** (1, 2, 4-нэ нап.), корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу **Нэужьокъуэ Заирэ.** *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIау* **Дол Маринэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанинэ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 2.233 ● Заказ №167